

## **Kawi - Jarwa, Poerwadarminta, 1943, #1856**

Katalog : [Kawi - Jarwa, Poerwadarminta, 1943, #1856](#)

Sambung : -

--- [0] ---

## KAWI - JARWA

DAMELANIPUN W. J. S. POERWADARMINTA

KHUSUS UNTUK LINGKUNGAN SENDIRI

--- [1] ---

Sirie No 1446

KAWI - JARWA

DAMELANIPUN W. J. S. POERWADARMINTA

Jöhöbu Hödöka

Ippan tosho (boekoe biasa)

Soedah diperiksa tanggal 10-7-2602

BALE POESTAKA DJAKARTA 2603

--- [2] ---

Wêwêngipun ingkang ngarang kaayoman ing anggêr-anggêr.

## BÊBUKA

Sêrat-sêrat Jawi, saya malih ingkang mawi sêkar, punika kathah sangêt têmbungipun ingkang sabên dintênipun kirang kasrambah, dados têgêsiipun utawi kajêngipun umumipun inggih lajêng botêن patos dipun sumêrêpi. Ingkang makatêن wau kadadosanipun sampun tamtu kemawon: ingkang nampi ingkang kirang plong, utawi inggih kirang cêtha ngrêtosipun dhatêng ingkang dipun waos. Rèhning tiyang mêmaos punika manawi kirang ngrêtos, tumrap sadayanipun kirang prayogi, mila sampun dangu Bale Pustaka ambudidaya sagêdipun ngêdalakêن bausastra ingkang mligi namung dados paran pitakenan ing atasipun prakawis ingkang kados makatêن wau. Pembudidaya wau samangke sampun kalêksanan: wujud buku punika. Mugi-mugi kemawon piguna utawi manpangatipun angêplêkana kadosdene ingkang dados pangajêng-ajêngipun.

## BALE PUSTAKA

## KATRANGAN

1. Kangge ngirid papan, têmbung-têmbung andhahan utawi camboran botên kasérat wêtah, namung kapratelakakén panambang utawi atér-atêripun, lingganipun karingkês mawi corèk. Dados:

abiwada, di- wêtahipun diabiwada

adibusana, nga- wêtahipun ngadibusana

agop, tan- wêtahipun tanagop

alab, mang~ - ~wêtahipun mangalab-alab

dêling, di - ake wêtahipun didêlingake

burat, -sari, -wangi wêtahipun buratsari, buratwangi

2. Têmbung andhahan ingkang sasat sampun dados lingga utawi ingkang radi pakèwêd anggènipeun madosi lingganipun punika sami kapacak madêg piyambak. Dados upami madosi: kèdhêp, kasusra, kasmaran lsp. lajêng kajujuga kemawon ing golongan k., madosi têmbung mrêp, molih, munggèng lsp. kajujuga wonten ing golongan m. Makaten salajêngipun.

3. Cêkakan:

tmr. tumrap

ut. utawi

ar. araning

lsp. lan sapanunggilanipun

mriks. mriksanana

kc. kacundhukna

A

abêt-abêt: batur wadon (ing patapan).

abipraya: 1 niyat, sêdfa; 2 (sa-) guyub, golong rêmbug.

abiseka: jêjuluking ratu.

abiwada, di-: dikurmati, disêmbah.

adama: nistha, asor.

adbuta: nggêgirisi, bangêt.

adi: bêcik, linuwih.

adibusana, ng-: macak, dandan.

adigang, adigung, adiguna: ambêg unggul, ngêndêlake kuwasane, kaluhurane, kadigdayane.

adilaga: paprangan.

adimuka, adimukya: pangarêp.

adipati: ratu

adiraga, ng-: macak, dandan.

aditya: 1 srêngenge: 2 Ngahad.

adrês: dêrês, bantêr.

adri: gunung.

adya: bêcik, linuwih.

ajar: pandhita tapa.

aji: ratu.

ajum, di-: ditata, dipranata.

agya: enggal, rikat, banjur.

aglar: gumêlar.

aglis: enggal, rikat.

agni: gêni

agna: akon, pakon.

agung: gêdhe.

agop: tan-: ora kêndhat.

agra: pucuk, puncak.

agrêng: alas-: alas gêdhe.

agring: lara.

ayap: di-: diiringake wong okèh<sup>[1]</sup>

ayat: di-: dipênthang (tmr. gêndhewa).

ayu: bêcik, slamêt.

ayubagya, mang-: nayogyani, mêmiji.

ayun: arêp.

aywa, ayya: aja.

akasa: langit, awang-awang.

aksa: mata.

aksama: apura.

aksi: mata.

alab, mang~ - ~: ambèr, mblabar.

aldaka: gunung.

alès: lunga.

alêmbana, di-: dialêm.

alin, bangun-: sêdhih.

aliwawar: angin gêdhe, prahara.

alpa: cacad, sathithik.

alpaprana: aksara lumrah.

alpita: cacad.

amara: dewa.

amba: 1 batur, 2 aku.

ambak, mang-: ngilak-ilak, gêgulungan (tmr. alun).

ambara: awang-awang; ng-: mabur, lunga saparan-paran.

ambil, di-: dijupuk.

ambuda: mêndhung.

ambul, ng-: nêmpuh, nimbrung.

ambrik: wangi.

amyang: abang, sumorot.

amla: kêcut

among: momong.

among hyun (-lulut, -raras karasikan, -rêsmi): cumbana.

ampar, ng-: nyambêr.

amparan: dhampar.

ampu, di-: dipêksa-pêksa.

amrat: amot, ngêmot.

amrik: mambu nganduk.

anala: gêni.

anana: cangkêm.

ananta: 1 tanpa wangênan; 2 warna-warna.

## ANAPI ~ ANGLUS

anapi: nanging.

andaka: banthêng.

andakara: srêngenge.

andanawarih: satriya.

andaru: lintang tiban.

andêrpati: nekad wani mati.

andika: kowe.

andu: sumur.

andon: nindakake.

andon asmara (-lulut, -rêsmi): cumbana.

andrawina: pista gêdhe.

anjali, mang-: nyêmbah.

anjana: mangsi.

anjum tangan: têtabikan, salaman.

anjrah: sumêbar wrata.

anjrit: njérít

anjrum: njérum.

ande-sanepa: pêpindhan, upama.

aneka-warna: warna-warna.

anih: lumuh.

anila: angin.

anindita: tanpa cacat, bêcik bangêt.

anindyamantri: patih.

anis: lunga, musna.

anukarta: 1 manut; 2 ngarang, gawe.

anung, anak anung anindita: anak kang bêcik dhewe. (pêthingan).

anuraga, anor-raga: andhap asor.

anuswara: aksara irung.

anut: manut miturut.

anon: ndêlêng, wêruh.

anor-raga: andhap asor.

anrang: nêmpuh, nrajang.

anrus: têrus.

antaka: pati, mati.

antakusuma: araning sutra kêkêmbangan.

antarala, antariksa: langit, awang-awang.

antawacana: swara gunêming wayang.

antêlu, antiga: êndhog

antên: adi

antu: I mati. II. di-: diéntèni, diarêp-arêp.

antuk: olèh.

antun, di-: ditinggal.

antrah: tingkah.

antrakusuma: ar. bakal, kêkêmbangan.

antya, antyanta: bangêt, luwih-luwih.

ancakla: gunung.

ancara, diancarani: dibagèkake.

ancur: rêmuk.

anyêm: nêncêm.

anyut, ng-: nênarik ati; di[x]ake: dikèlèkake.

angde: agawe, marakake.

angèr: ngèngèr.

angêb: ngeyub, ngayom.

angêne: ngênnani.

angga: badan, awak.

anggakara: kêndêl.

anggana: 1 ijèn, dhewe, 2 wong wadon.

anggana raras: wong wadon ayu.

anggas: walang.

anggya, ng-: nganggo.

anggung: tansah.

anging: nanging.

angkara (-murka): murka.

angkên: 1 sabêñ, 2. kaya.

angkus, angkusa: cis, ganthol.

anglar: ngêlar.

anglèng: ngêlèng.

anglès: lunga, minggat.

anglēk: sêdhih bangêt.

anglēp: ayu bangêt.

anglês: sêdhih, kapranan.

anglih: 1 ngalih, 2 ngêlih.

angling: clathu, gunêman.

anglir: mèmpêr, kaya.

anglud: nututi, ngoyak.

angluh: 1 lungkrah, nglumpruk; ngêsaห sêsambar.

anglung: 1. kaya êlung; tumêlung.

anglur sêlur: èlur urut-urutan.

anglus: ngêlus.

## ANGLONG JIWA ~ ASTRA LUNGIYAN

anglong jiwa: saya kuru badane.

angum: kungkum.

angun-angun: 1. galak; 2 banthèng.

angut: mêthik, ngundhuh.

angrap: mlayu bantêr.

angrèh: ngérèh.

angrês: ngérês (rasaning ati).

angrik: ngérik (nggêro).

angrob: banjir, rob.

angrok: nyérang, nêmpuh.

angsah, di-ake: diajokake pêrang.

angsung: wèwèh, awèh.

apah: banyu.

apan: awit.

api: gêni.

apituwin: uga, tur.

apyu, apuy: gêni.

apus: tali; di-: ditalèni; dikarang

apsara: dewa.

apsari, apsêkar, apsantun, apsinom: widadari.

apti: arêp; ing-: ingarêp.

aras, di-: digêpok, digrayang, diambahung.

arda: murka, hawa nêpsu.

ardaya: ati.

ardana: dhuwit.

ardacandra: rêmbulan tumanggal.

ardawalepa: kurang ajar

ardi: gunung.

arja, arjaya: rêja, slamêt.

arjana: njangka, ngudi

arjasa: rêjasa.

arju: sarju: mupakat.

arjwa: utama, wêkêl.

arês: giris, miris.

arga: gunung.

argya, di-: diurmati, diaji-aji.

ari: adhi.

arima, arimong: macan.

arina: kidang.

aris: 1 laras, tanpa sulaya; 2 sarèh, alon.

ariwara, ariwarti: layang kabar.

aryan: arèn.

aryana: budi, pikiran.

arka: srêngenge.

arnawa: sêgara.

aruna: srêngenge.

arutala: rêmbulan.

arsa: arêp, ing-: ingarêp: di~ - ~: diarêp-arêp.

arsaya, arsana: bungah, sênêng.

arsi: rêsi, arêp.

artaka: kang nyimpêñ dhuwit (pènêngmèstér).

artati: gula, lêgi; 2 têmbang dhandhanggula.

artawan: (wong) sugih.

arca: rêca.

arcamana: raup (rêrêsisik).

arcana, mang-: ngurmati, nyêmbah.

arcapada: donya, jagat.

asa: 1 têkan ing puncak (notog, kêluwih-luwih); 2 susah, sêdhîh.

asana: 1 palinggihan; 2 ênggon, panggonan.

asari, asantun, tan-: ora sarèh, nuli.

asya: 1 ngguyu, pêpoyok; 2 cangkêm

asmara: sêngsêm, sih-trêsnâ.

asmaratura: kasêngsêm, kedanan.

asmu: sêmu.

asung: awèh, wèwèh.

asup: mlêbu.

asura: buta.

asor: 1 nistha, ora luhur; 2 kalah.

asrak: swara kumrasak.

asrama: patapan.

asrang: sumiyut (ing angin).

asrêng: mêmpong bangêt.

asru: 1 sêru; 2 bangêt.

astana: 1 kraton; 2 kuburan.

asti: gajah.

astawa, astuti: sêmbah, pakurmatan.

astungkara, mang-: mêmaji, nyêmbah.

astra: 1 gêgaman; 2 panah.

astra lungiyan: bêbojoan.

## ASCARYA ~ BANGKAT

ascarya: gumun, eram.

astha: wolu.

asthabrata: kautaman wolu.

asthagina: wolung bab (-sisih).

aswa: jaran.

awamedea: sêsa(ji) (riaya) taunan.

aswi: bangêt-bangêt, sérêng.

atanapi: lan, lan manèh, utawa, uga.

atat: manuk bëthët.

atawa: utawa.

atiyanta: bangêt, kaluwih-luwih.

atita: wis këpungkur, sigêg.

atma: 1 nyawa, sukma; 2 anak.

atmaja: anak.

atri: sêru, rame bangêt.

atyanta: bangêt, kaluwih-luwih.

acala: gunung.

acara, diacarani: dibagèkake.

awalepa: canthula.

awig: 1 pintêr (gégawean); 2. alus ngrêmit.

awiyat: awang-awang.

awin, di-: dicêkêli.

awicarita: bisa (pintér) ndongèng.

awya: aja.

awuh: mbêngok, njelih, nguwuh.

awuk: bosok

awun-awun: grimis ing wayah esuk.

awra: sumêbar, mratani.

## B

babahan: bolongan, lawang.

babu: biyung.

badra: rêmbulan.

bajra: blêdèg.

badhak: mérak; lar-: lar mérak.

badhaka: alangan, cacad.

badhama: wêdhung.

badhawangan: bulus.

bagaskara: srêngenge.

bagaspati: srêngenge.

bagawan: sêsêbutaning pandhita.

bagja: bêgja.

bagna: rusak, sirna.

bahak, m-, mbêbahak: njarah, rayah.

bahni: gêni.

bayaita: prajurit.

bayan: manuk bèthèt.

bayangkare, di-: ditêmokake (tmr. pangantèn).

bayatara: mbêbayani bangêt.

bayawara: undhang-undhang.

bayu: angin.

bayu-bajra: angin lan blêdhèg (prahara).

baka: 1 langgêng; 2 manuk cangak.

baksa, baksana: pangan

bakti: pakurmatan, sêtya-tuhu

bala: karosan, kêkuwatan; 2 prajurit.

baladika: pangarêping prajurit.

balela, balila: mbangkang prentah.

balingu, balinguh: berag, bungah.

baluwarti: pagêr bata, bêtèng.

bana, mbêbana: njéjaluk.

banawa: prau.

banawi: bêngawan.

bandayuda: pêrang rukêt.

bandakala (ut. mbandakalani): wani nglawan.

bandawala (-pati): prang tandhing.

bandawasa: karosan, kêkuwatan.

banjar, (ut. -an): taman, pakêbonan.

bandhawa, bandhu: sanak-sadulur.

banija: sudagar.

baning: bulus.

banu: sorot, srêngenge.

bantala: lêmah.

bantên, bêbantên: têtawur, (patèn).

bancana: pangapus, pakewuh; di-: dirêridhu, diapusi.

banyuwara, m-: nyirik banyu.

bangkat: kuwat; ke-: kêduga nandangi.

## BANGKIT ~ BISEKA

bangkit: bisa.

bangun: I 1 tangi; 2 (ut. gagat-bangun), ayah esuk. II di-: 1 digawe; 2 (-anyar) dianyarake.

bangsawan: darah luhur

bangsi: suling.

bau-dhêndha: kuwasa bangêt.

bau-kapine, (-kapini): elon-elonên (ora adil).

baurêksa: dhêmit sing njaga, m-: manggon lan njaga tumrap dhêmit.

baut: wasis bangêt.

bapuh: bakuh, pêngkuh, awak.

bapra: pagêr bata, regol.

bara: satus yuta.

barata, pabaratan: pêpêrangan.

barubah: kuwur atine.

barung: barêng.

barwang: bruwang.

basah: bosok.

basahan: panganggo kaprabon.

basanta: rêmbulan.

baskara: srêngenge.

basmi: kobong.

basundara, basundari: bumi.

basuki: slamêt.

baswara: sumorot, gumêbyar.

bacingah, bala-: bala campuran.

bacira: plataran, alun-alun.

bathamantri: senapati.

bathara: (sesebutan) dewa.

bathari: dèwi.

bawa: 1 kaanan, sipat; 2 uni, swara.

bawa-laksana: nêtêpi kang dadi ujare.

bawana: 1 panggonan; 2 jagat.

bawa-rasa: rêmbugan.

bawera: jêmbar, padhang.

beka-rêncana: alangan.

bela sungkawa: melu susah.

bela tampa: salah (kliru) tampa.

bema: beka, bêbaya.

bengkas, di-: dirampungi, disirnakake

berama: endah, nêngsêmake.

berawa: 1 nggêgirisí, mêtèni; 2 gagah prakosa.

bêdhama: wadung.

bêdhawang(an): bulus.

bêgar: bungah, sênêng.

bêkti: urmat.

bêlah: sigar.

bêlah-kêdhaton: untu ngarêp (kang dhuwur) rênggang.

bênavi: bêngawan.

bêndana: 1 tali, tampar srimpêd; 2 pakewuh.

bêndu: dêduga, nêpsu.

bêntar: 1 mlêkah, nêla; 2 dhuwur.

bêncah: nêla, mlêkah.

bêngis: sêrêng, ambêg sia.

bêngiwèn: biyèn.

bêngkung, m-: bengkong, mbêngkêluk.

bêrdangga: gamelan.

bêrgada: golonganing prajurit.

bêrsat: pisah pating slêbar.

bêsta, dipun-: dibanda.

bêsturu, kabêsturon: lena, ora prayitna.

bêtuwah: pusaka, bêcik angsare.

bibir: lambe

bigar: sênêng, bungah.

biyada: para nyai.

biksu, biksuka: pêndhita.

bima: mêdèni, nggêgilani.

bimana: umuk, gumêdhe.

bimba: rēca: pêpêthan.

bimbang: (ut. kabimbang): kuwur, bingung.

bina, kabina-bina: nggêgirisi bangêt.

bintulu: (polèng) biru.

binglêng: judhêg bangêt, ngênglêng.

birama: nêngsêmake, endah.

birat: ilang (wis rêsik); di-: diilangi, disirnakake.

birawa: berawa.

bisala: jêmbar.

bisana: mêmêdèni, susah.

biseka: jêjuluk; di-: dijumênêngake ratu.

## BISIKAN ~ BRAMINTA

bisikan: jênêng, jêjuluk.

bisuwa: sajén.

bita: wêdi, jirih.

bicara: gunêman, rêmbugan.

biwada, di-: disungga-sungga.

biwara (layang-): layang kêtérangan (undhang).

byabaya: lor kulon.

byantara, (ing-): ingarêpan (pasowanjan).

byapaka: 1 sumêbar wrata; 2 ngérèh, nguwasani.

byapara: kelakuan, pratingkah.

byasana: bêbudèn ala.

byat: nêmpuh-: nêmpuh kanthi sêrêng, kabyatan: kabotan.

byuha: gêlaring baris.

byoma, byomantara: langit, awang-awang.

budaya: nalar, pikiran.

buda, (-cêmêngan): Rêbo (Wage)

budi: watak, pikiran; di-: direka, diudi.

budidaya: reka, sarana; di-: direka, diudi.

budiman: pintêr.

buja: bau, lêngên, tangan.

bujana: pista, mangan enak.

bujangga: ula; 2 pujangga.

bujil: bajang.

buya, ka ~ - ~: dioyak-oyak

buyut: lurah, têtuwaning dhukuh, ka-an: 1 panggonaning para pandhita; 2 sanggar pamujan.

buka, di-: diwêngakake; dibukani: diwiwiti.

bukakondur, bukasari, bukani: makutha dhampar.

bukuh, ma-: sila tumungkul (urmat bangêt).

bukti: pangan, mangan; 2 cihna, tandha yêkti.

bulu-bêkti: pisungsung minangka pajêg.

bumandhala: jagad, bumi.

buminata, bumipala, bumipati: ratu.

bumitala: (dhasaring) bumi.

bungbang: wungwang, bolong.

bungkah: dhasar, sikiling gunung.

bungsu: wuragil.

bupala, bupati: ratu

burat (-sari, -wangi): borèh.

burbuwah: 1 bumi lan awang-awang; 2 sirna, rusak.

busana: rérênggan, sandhangan.

busu: wusu.

butala: lemah, bumi.

buwana: jagat.

boja: pangan (-an).

bojakrama: pista, pasugatan; di-: disuguh mangan.

bojana: pista mangan enak.

boga, bogya: pangan.

boma: 1 awang-awang, langit; 2 paturon (krobongan).

bomantala, bomantarala: awang-awang, langit.

bondhan: I ar. jogèt; II lowong.

bondhèt, ma-, -an: nggubêl, gondlelan.

bonglot: lunga, sumingkir, minggat.

botrawi: blumbang.

bowong: macan.

bra: sorot, cahya.

braja: 1 gêgaman; 2 barat gêdhe.

brahala: rêca sêsêmbahan.

brahma: (golongan) pandhita.

brahmani: pandhita wadon.

brahmanacari, brahmacari: calon brahmana.

brakara, brakatha: sulung.

brakithi: sêmut.

bramanta: bingung, pêpuyêngan.

bramantya: nêpsu bangêt.

bramara: tawon (kombang).

bramatya: nêpsu bangêt

braminta, bramita: bingung, susah, sedhih.

## BRANA ~ DÊKUNG

brana: I (rajabrana): bandha, barang kadonyan. II tatu; kêbranan: kêtaton.

branta, branti, brangta, brangti: kêsêngsêm, kedanan.

brasat: di-ake: diplayokake, dibandhang, kê-: kêplayu, kontal, kentas.

brat: abot.

brata: 1 prasêtya; 2 tapa, pasa.

brastha: rusak, lêbur, sirna.

brawala: padu, sulaya.

brêmana, brêmani: brahma, brahmani.

brêmantya: népsu bangêt.

brêmara: (tawon) kombang.

brêtya: prajurit, wadyabala.

brêtyapati: senapati.

bris: simbar dhadha.

brubah: kagèt, susah.

brubuh: pêrang amuk-amukan.

## D

dadu: abang ênom.

dadya: dadi.

daga, n-: mbadal prentah.

dahana: gêni.

dahat: bangêt.

dahuru: gègèr.

dayaka: kang ambêk wêlas.

dayinta, dayita: putri, pramêswari.

daksa: pintêr.

daksina: I têngên, kidul; pawèwèh marang pandhita.

dalih, di-: dikira, diarani.

dama: I 1 asor, nistha; 2 bodho. II di ~ - ~: diugung, diêmi-êmi bangêt.

damba: krenah, kajuligan.

dan: banjur.

dana-krama: ngrêti tata-krama.

dana-raga: dana bau.

danawa: buta.

danu: I buta; 2 (ut. danujiwa) linuwih

danurdara: satriya, sêkti.

danta: untu, gadhing.danti: gajah.

dangu: biyèn, suwe.

daradasih, (ut. ndaradasih): kôlakon kaya impène.

darana: 1 kukuh sêntosa; 2 sabar.

darapon, darapwan: supaya.

darbe, darbya: duwe.

daridra: mlarat.

darya: 1 srana, pikuh, sêntosa; 2 ati, watak.

darma: 1 panggawe bêcik; piturur.

darmaja: darah, turuning wong utama lsp.

darubêksi, darubêsi: guna dhêsthi.

daruna: sabab, jalaran.

darna: 1 wani, kêndêl; 2 galak, umuk.

darsana: tuladha.

dasih: batur.

datan: ora.

dawala: 1 putih; 2 samir sutra ing pundhak.

de: dening, dene.

deha: awak.

dèn-: di-.

dènira: 1 (ut. dènnya) dening dhèwèke; 2 ênggone.

dènta: dening kowe, ênggonmu.

dera: dening.

detya: buta.

dewaji: ratu.

dewalaya: kadewan, kayangan.

dewananggana, dewanggana: widadari.

dewangkara: srêngenge.

dewata: dewa.

dèwi: widadari, dewa wadon; 2 putri.

dêkung: di-: dijéblèsake ing dhêngkul.



## DÊLAHAN ~ DRIGANCA

dêlahan: ing témbe, ing akerat.

dêling: gunêm; di-ake: dirungokake.

dênta: gadhing.

dêntawyanjana: carakan Jawa.

dêrbala: n-: sugih bangêt.

dêrganca: sulaya, padon.

dêrwili: tansah gunêman.

dêrwolo, n-: wangkal, wangkod.

dibya: linuwih, sakit.

digdaya, digjaya, digwijaya: patohan, ménangan.

digtya, diktya: buta.

diyu: buta.

dinakara: srêngenge.

dipa: 1.diyan, obor; ratu; 3 gajah; pulo.

dipaka, dipangga, dipara: gajah.

dipta, diptya: sorot, cahya.

dir: gumêdhe.

dira: kukuh, panggah, kêndêl.

dirada: gajah.

dirga: dawa.

dirgahayu: panjang umur.

dirgama: krenah, pangapus.

dirgamaya, dirgasana: dhampar.

dirgantara: awang-awang.

dirganca: sulaya, padon.

dite: Ngahad.

ditya: buta.

diwangkara: srêngenge.

diwasasri: srêngenge.

duhita: putri, endah.

duhka, duhkata, duhkita: susah, sêdhîh.

duk: nalika.

dukacipta, (-cita): susah, sêdhîh.

dukula: sabuk sutra.

dukut: sukêt.

duksina: kidul

dulu, di-: didêlêng, ditonton.

dulur, di-: diêtêrake, diiringake: di-i: diwènèhi, dituruti.

dumadi: tumitah.

dumaja: kêbul, mega

dumara: kang gawe urip (dewa).

dumêling: swara cêtha.

dumilah: sumorot.

dungik: endhang.

dupara, n-: nglêngkara, mokal.

dupi: barêng (ing nalikane).

dur: ala.

dura: adoh, nglêngkara.

durantara: mokal.

duratma: buta, maling.

duratmaka: maling.

duracara: piala, goroh.

durjana: wong ala.

durbiksa: bêkasakan, buta.

durga: bêbaya, mbêbayani.

durgama: bêbaya, mbêbayani.

duryan: durèn.

duryat: kabêgjan.

durlaksana: ala kalakuane.

durniti: (laku, wong) ala; 2 mungsuh.

dursila: maling.

durta: ala, piala, julig.

durcara: ala kalakuane, goroh.

dusana: ala piala.

duskarta, duskarti: panggawe ala.

dusta: julig; di-: dicolong, dimalingi.

duta: kongkonan, têlik; di-: dikongkon.

duta-panglawung: ngalamat katiwasan.

domba, didombani: diawat-awati, dipanggêdhèni.

don: 1 ênggon; 2 tuju, ênêr.

doracara: goroh.

drana: sabar.

drastha, drasthi: pandêlêng, mata.

drawa: luluh, ajèr.

drêbya: duwe.

drêng: dêrêng.

drês: dêrês.

drêstha, drêsthi: pandêlêng, mata.

drêwya: duwe.

drigama, dirgama: borang, bêbaya.

driganca: sulaya, padon.

## DRIYA ~ JIHLWA

driya: ati; ka-: kagagas, dadi ati.

driyah: dana, drêma.

drubiksa: bêkasakan (buta lsp.).

drumas: êmas.

druta: bantêr, rikat.

dwaja: têtêngêr, gêndera.

dwara: lawang, gapura.

dwarapala, dwarawati: panjaga lawang.

dwastha: rusak, sirna.

dwi: loro.

dwidasa: rong puluh.

dwija: pêndhita linuwih.

dwijawara, dwipangga, dwirada, dwirapa: gajah.

dyah: (sêbutaning) putri.

dyan: banjur, nuli.

dyaksa: pintêr.

dyatmika: 1 jatmika; 2 kaalusam.

J

jabat, di-: dicêkêl; -an tangan: salaman.

jaja: dhadha.

jagana: bokong, kang buri.

jagat-pramudita: kabungahaning jagat.

jagat-traya: jagat têtêlu.

jahnawi: bêngawan, banyu.

jaya: ménang, bêgja, kaséktèn, kuwasa.

jaya-kawijayan, jaya-wijayanti: aji sing marahi menang.

jala: banyu.

jalada, jaladara: mèndhung, mega.

jaladri, jaladi, jalanidhi: sêgara.

jalataringga: ombak, alun.

jalidra: wong asor.

jalma: jalmi: wong, manungsa.

jalu: lanang.

jampang, di-: diawat-awati.

jana: wong, manungsa.

janaloka: jagat, donya.

janapada: 1 batur; 2 donya.

janapriya, ka-: misuwur.

janma: wong, manungsa.

janu: panah, gêndhewa.

jantaka: cilaka, sangsara.

janggan: jajanggan:

jangkung, di- (i): diawat-awati, dirêksa.

jara: tuwa.

jari: jariji, driji.

jarnih: bêning.

jasa: lêlabuhan.

jata: gêni.

jatarupa: êmas.

jatmika: bêcik tandang tanduke.

jatukrama: bojo.

jatyâ: sajati, nyata.

jatha: 1 rambut gimbal; 2 siyung, untu.

jathadara: mêtapa.

jathara: wêtêng.

jawata: dewa.

jawi, jêjawi: sapi alasan (bantèng).

jêmah: ing têmbe.

jêmala: gêbuk, gitik.

jêmur: ajur.

jênar: kuning.

jênêk: sénêng, bungah.

jênthara, n-: bagus.

jêng: sikil.

jêngandika: kowe.

jênggala: alas.

jênggan: cantrik.

jênggiri: bngs. macan nganggo sungu.

jêrnih: bêning.

jibêg: judhêg, sêdhîh.

jihma: cidra, goroh.

jihmaga: ula.

jihmayuda: pêrang cidra.

jihwa: ilat.

## JILMA ~ DHRASTHA

jilma: wong, manungsa.

jimbun: tuwa bangêt.

jinada: tikus.

jinêm: antêng, jatmika.

jinêm-rum, (-mrik, -sêkar, -sari): paturon.

jingga, (-loka): abang tuwa.

jira: jintên.

jirika: gangsir, jangkrik.

jirna: ringkih, rusak.

jiwagra: pucuking ilat.

jiwana: urip.

jiwangga: jiwa raga.

jiwatma: urip lan sukma (têmbung pamiluta).

jiwita: urip, nyawa.

jubriya: umuk, kibir.

jubrisa: batur wadon.

judhi: pêrang, prajurit.

juga: mung, ijèn, dhewe: sa-siji.

jugala: jodho, bojo.

jurut: sukêt, jêjanggan.

juluk, jêjuluk: jênêng, pêparab.

jumantara: langit, awang-awang.

jumantên, jumara: jumêrud.

jungut, pa-an: sênthong paturon.

jurit: pêrang, pêpêrangan.

juti: ala, piala.

juwara, ka-: misuwur.

juwata: dewa.

juwita: putri.

jodi, ka-: tiwas, kalah.

jra: anjrah, sumêbar.

jrum: paeka: di-: dipaeka.

jwah: ing têmbe.

jwala: sorot, cahya.

jwalana: gêni.

jwalita: murub, sumorot.

Dh

dhadhap: tamèng lonjong.

dhahga: ngêlak, ngangsa-angsa.

dhayang: batur wadon.

dhakah: gêdhe.

dhandhang, dhangdhang: gagak.

dhanyang, dhangbang, dhanyak: 1 sêsêbutaning pandhita; 2 lêlêmbut.

dhangka: (rong, guwa) pambuwangan bangke.

dhaulu: mangro.

dhaun: godhong.

dhaut: bêdhôl.

dharaka: sabar.

dharana: bumi.

dhatu: ratu, bêndara.

dhatulaya: kêdhaton.

dhawuhan: bêndungan.

dhepok: omahing pandhita.

dhêdhêp tidhêm: nyênyêt tanpa swara.

dhêndha: gada, pênthung.

dhêpa, ndhêdhêpa: ngasih-asih.

dhêstha: mangsa kaping sawêlas.

dhêsthi: piala, guna (dianggo mênggawe).

dhidhik, sa-: sathithik.

dhihin: dhisik, biyèn.

dhikara, di-: disrêngêni, diundhat-undhat.

dhikih: cilik.

dhiri: awak; mandhiri: madêg.

dhuhak: suwèk.

dhuhun: dhisik, biyèn.

dhuhung: kêris.

dhuhur: dhuwur.

dhukan: sêlir.

dhuma: kukus, kêbul.

dhukut: sukêt.

dhustha: piala; di-: dicolong, dimalingi.

dhusthi: piala.

dhuwak: suwèk.

dho: loro.

dhomas: wolung atus.

dhrastha, dhrêstha: siyung.

E

EBAKARA ~ GARDA

ebakara: tlale.

èbêk, ibêk, ngèbêki: ngêbaki.

ebra: ora dadi.

eka: siji.

ekadasa: sawêlas.

eka-kapti, sa- (saeka-prana, saeka-praya, saeka-cipta): tunggal karêp (saiyêk, rujuk).

ekapada, mang-: sêmadi.

èksi: mata; kèksi: katon.

ema: êmas.

èmêng: judhêg, kewuhan, sêdhih.

endah: bêcik.

endra: ratu.

endrajala: krenah; mang-: namakake krenah, ngapusi.

endralaya, endraloka, endrapada: kayangan, kaendran.

endracapa: gêndhewane Bathara Indra (kluwung).

endrawila: intên biru.

endhang: garwa utawa anaking pandhita.

èpi (ut. mèpi): ngimpi.

erang: wirang, isin.

erawati: blêdhèg.

èrnawa: sêgara.

èrtali, èrtambang: kali.

esak: bêcik.

èsi, di ~~~: dipojoki, dicampai.

èsmu: sêmu.

èstu pada, mang-: ngabêkti.

èstha: èmpêr, di-: dièmpêr-èmpêr.

èsthi: 1 sêdfa, niyat; gajah; di-: dipindêng, dijangka.

èwêh: ewuh, pakewuh.

## Ê

êjum, di-: dipranata, ditata, dibênakake.

êla, êma, di ~~~: dilêlithing.

êmbun, di-: disunggi, dipundhi.

ênda(h), êndan: banjur, nuli.

êndon: kang diênêr (dituju).

êning: wêning.

ênu: dalan.

êngka: mangkana.

êru: sêrik.

êsa, Maha-: kang sawiji (Allah).

## G

gabah, digêgabah: digêgasah atine.

gajendra, (gajah-endra): ratuning gajah

gagana: langit, awang-awang).

gagat: wiwit, trêp.

gahana: jurang

galu, galuh: intên

gamana: laku, sarana

gambira: 1 jêro; 2 sênêng mantêp

gambiralaya: sêgara

gana: mèndhung

gandara, gandarwo: gêndruwo

gandarwi: gêndruwo wadon

gandawida: dhèdhès lan borèh

ganjur: tumbak

gandhi: palu, pênthung

ganita: wilangan

ganitrikunda: tasbèh

gantya: ganti

gantyan: ganten (kinang)

gang: rosa, kuwat

gangga: kali, banyu

garagati: kemlandhingan (kêmangga)

garami: (gramèn) dagangan

garba: 1 wêtêng; 2 ringkêsan; di-: diringkês, digandhèng dadi siji

garbini, ng-: mêtêng

garda: hawa napsu

GARDABA ~ GUPIT

gardaba: kului

gardaka: nêpsu, ngamuk

garjita: bungah; ng-: ngunandika

garini: bojo (garwa)

garwita: nêpsu, umuk

gata: laku

gathaka: pati, sangara

gati: 1 laku; 2 wigati; 3 kaanan

gatra: awak, blêgêr

gatha: jun (wadkah banyu)

gathi, gathita: jam

gêbang, di-: ditangkis (nganggo tumbak)

gêdhag-gêdhig: umuk

gêgana: langit, awang-awang

gêgêh: kukuh

gêgêñ, di-: dicêkêl, digujêngi

gêlah: rérégéd

gêlana: sêdhih

gêlung, di-: dianggit, dirumpaka

gêmah ripah: rêja

gêmpang: rusak sirna

gêndra: rame, gègèr

gêndrèh: luwês kèwês

gêniwara: nglakoni mangan apa-apa mêtah

gêntêr: orêg

gêntur: 1 mêmpong tapane; 2 (ma-an) gumlégér, gumludhug

gêntyâ: gênti

gêng: gêdhe

gêpang, gêmpang: rusak sirna

gêra: puncak

gêrah, gêrêh: gludhug

gêrak: obah

gêsês: sirna rêsik

giha, giya: guwa

giyuh: sêdhîh

giyung: orêg, rame

giyota: prau

gilang-gilang: sumorot

gili, gumuk: gigiring gunung

giling, mang-an: mubêng

gindaka: têngara (kênthongan lsp.)

gini: wadon

ginggung: orêg, gonjing

gipih: gupuh

girang: bungah

giri: gunung

girilaya: (pa) gunung (an)

gistha, di-: dirêmbug, digunêm

gita, gitaya: kidung, tumpakan, karangan

giwangkara: srêngenge

gya: rikat, enggal, banjur

gyak: giyak

gyan: ênggon

gyuh: sêdhîh

glinggang: kayu mati

glis: gêlis, rikat

gubah, di-: dikarang

guha: guwa

guhya: samar, gaib

guladrawa: dhandhang gula

guliga: bandhêm.

guling: turu

gulma: 1 grumbul; 2 satus yuta

gumawang: cêtha

gumêr: rame, gumuruh

gumilang: sumôrôt padhang

gumul: gêlut

gumrêh, gumrêg: rame

guna: watak, kapintêran

gunaman, gunawan: pintêr bangêt

gundhala: 1 Kêndhang, titir lsp.; 2 ali-ali, anting-anting

gunita: 1 kapintêran; 2 rêmbug

gunung, gêgunungan: lêlurah, pangarêp

guntur: 1 jugrug; 2 swara gumuruh

gung: 1 (ut. agung) gêdhe; 2 (ut. anggung) tansah

gupala: pangon, sing jaga lawang

gupe: sêdhîh

gupi: 1 crita, 2 dolanan

gupit: 1 sênthong (paturon); 2 karangan.

## GUPITA ~ IMUR

gupita: 1 karangan, anggitan; 2 pingidan (putri); di-: dikarang, dianggit.

gupya: sêdhih.

gupu: pangeyuhan.

gupuh: katon kêsusu.

gupur: wêdi.

gupta: wêdi, gaib.

guragadha, guragodha: ambêk wani.

gurwa: urmat.

gurda: wringin.

gurit: 1 tulisan; 2 karangan, rumpakan, kidung; di-: dikarang, ditembangake.

gurna, gurnita, gurniti: rame bangêt.

guruh: gludhug.

gurunadi: guru(-laki).

gusali: pandhe.

guskara: sumur, sumbêr, blumbang.

gusthi, di-: dirêmbug.

guthaka: sumur, guwa.

guwagarba: wêtêng.

gohpura, gopura: gapura.

gopa, gopala: pagon, sing njaga lawang.

gopracara: pangonan.

gora, goraya: gedhe, mêmêdèni.

goragodha: ambêg wani.

gorawa: urmat.

gosana: wara-wara, pawarta.

gosita: gunêm, rêmbug.

gosthi, di-: dirêmbug.

gotra, gotrah: sanak sadulur.

gra: pucuk, puncak.

graha: 1 bojo; 2 lintang.

grandaka: galak.

grawira: senapati.

grêha: omah, somah.

gring, agring: lara.

grundaya: sriti.

grodha: wringin.

grong: jêro (jurang).

gwan: ênggèn.

## H

halêp: endah.

haliman: gajah.

haliwawar: angin gêdhe.

hangsa: banyak.

harda: bangêt.

hari: 1 dina; 2 singa.

harimong: macan.

harina: kidang.

haruhara: gègèr, bingunging ati.

harsa, harsaya: bungah.

hasti: gajah.

hawan: dalan.

hawani: bumi, jagad.

hema: êmas

hèr: banyu.

hèrtali, hèrtambang: kali.

hima: salju, mèndhung.

himalaya, himawan: gunung.

hina: asor.

hira: intên.

hyun: arêp

huti: sajèn.

hrêdaya: ati.

hru: panah.

|

ibêk: kêbak.

idhêp: 1 pikiran; 2 sungkêm.

iku: buntut.

iksu: têbu.

ilung: ilang.

ima: mêtuhung.

imalaya: 1 gunung; 2 mêtuhung.

imantaka: mêtuhung.

imba: alis.

imbal wacana: omong-omongan.

imbang: pinggir, sisi.

imur: di-: dilêlipur, dingungrum.

## IMPÊR ~ KADIPARAN

impêr: èmpêr

impun, di- (i): diklumpukake.

ina-budi: bodho.

inaloka: padununganing wong ala.

indêng: sa-jagat: salumahing jagat.

indu, (-pati): rêmbulan.

indhung: biyung.

indriya: ati, karêp.

injêk: di-: diidak.

inum, di-: diombe.

intar: muluk sêsurupane.

inte, di-: ditêlik.

ingan: watês.

inggar: linggar.

inggita: salah tingkah.

inggung: gonjing. oyag.

ingis: di-ake: dikatonake (siyunge).

ingkar: selak.

ingkêd, di-: disingkiri.

ingong, ingsun, ingwang: aku, ku.

ipak, ng-: lembak-lembak.

irang: wirang.

irawan: mēndhung, mega.

irsaya, irsyā: drēngki, mēri.

isu: panah.

istha: èmpêr, pêpêthan.

isthi: karêp, sêdfa.

iswara: ratu, bêndara.

iti: 1 mangkono; 2 tamat.

iwung, ng-: ngamuk.

## Y

Yaya, yayah: I bapa; II (yayah): kaya.

yayah-rena (-wibi): bapa biyung.

yayi: adhi.

yaksa: buta.

yaksi: buta wadon.

yama: paro, kêmbar

yamani: naraka

yan: yèn.

yana: kreta, tunggangan, dalan.

yasa: 1 omah, gêdhong; 2 gawe.

yasadarma: bapa.

yasa-kambang: bale kambang.

yasthi: pênthung

yata: 1 ya iku; 2 banjur.

yati: pandhita.

yatindra, yatiwara: pêndhita.

yatma, yatmaka: sukma.

yatna: ngati-ati, prayitna.

yeka, yèki, yèku: ya iku.

yêkti: nyata.

yêktiwara: pandhita linuwih.

yitma: sukma.

yitna: ngati-ati.

yuga: 1 jaman; 2 anak.

yuyun, ka-: kasêngsêm.

yukti: pantês, patut.

yumana: slamêt.

yumani: naraka.

yun: arêp, karêp.

yungyun, nga-ake: nêngsêmake.

yusya: umur.

yuwana: slamêt.

yuwaraja: pangeran adipati.

yuwati: prawan.

yoga: 1 anak; 2 jaman.

yogabratā, yogasēmēdi: ngēningake cipta.

yogi: pēndhita.

yoga: patut, bēcik.

yoni: sēkti.

ywa: aja

K

kaba-kaba: sumēlang.

kabiyas, kabyas: katut ing angin.

kadang kadeyan: sanak sēdulur.

kadarpa: katrēsnan, pēpenginan.

kadeyan: sanak sēdulur.

kadga: kēris.

kadgada: trēngginas, rērikatan.

kadiparan: kēpriye.

## KADYA ~ KAPIDULUR

kadya, kadyangga: kaya.

kajanapriya: misuwur.

kadhawan, kadhatyan, kadhatun: kraton.

kaendran: kayangan.

kaga: manuk.

kagendra, kagèsvara: ratuning manuk.

kagyat: kagèt.

kababalang: kontal mlêsat.

kahanan: panggonan.

kahantu, kantu: klêngêr, sumaput.

kahyun: karêp.

kayeka, kayèki, kayèku: kaya kae (iki, iku).

kayun: 1 karêp, 2 urip.

kaywan: kayon.

kaka: kakang.

kala: 1 piala, ala; 2 buta; 3 wêktu.

kala-bêndu: wêwêlak.

kaladuta: ngalamat ala

kalajana: wong ala

kalagyan: patapan.

kalaha: pêrang, pêpadon

kalaka: banyu.

kalakata: yuyu.

kalamun: yèn.

kalana: wong klambrangan.

kaladara: srêngenge.

kalapi: mérak.

kalasa: wadhah, kêndhil.

kalasangka: bangsaning slomprèt.

kalacakra: srêngenge.

kalawai: tumbak.

kalbu: ati.

kalesa: cacad, rérégéd.

kalêngka: 1 cacad; 2 misuwur.

kalêngka(n): intên

kaliyuga: jaman rusak.

kalingga murda: dipundhi-pundhi.

kalingga arsa: kalingan taun.

kalir, sa-: kabèh.

kalyana: linuwih, endah.

kalus (angalus): lunga.

kaloka: misuwur.

kalpa: jaman.

kalpija: lambe.

kalpika: ali-ali.

kalwang: kalong.

kamayan: aji kasékten.

kamal, kalagi: asêm.

kamalan: olèh ganjaran.

kamandaka: ngayawara.

kamandhalu: klénthing.

kambe: ambèn.

kamêna: sadurunge.

kami: aku kabèh.

kamla: kécut.

kamu: kowe kabèh.

kamuka: sêngsêm.

kampita: orêg, kagèt.

kamrat: kamot.

kanaka: êmas, kuku.

kanana: alas.

kanan-keri (-kering): kiwa-têngên.

kanang: ingkang.

kandara: êcis.

kandarpa: katrêsnan.

kandhah, kandhêh, kandhih: kalah.

kandhara: gulu.

kandhat: lèrèn.

kandhuhan, kandhohan: kêmotan.

kanin: tatu, kêtaton.

kanuragan: kêdhotan.

kanohan: kabêgjan.

kantaka: sêmaput.

kantar, -an: nangkis; (ma) ~ - ~: murub mubyar.

kantu: klêngêr, sêmaput.

kantra: misuwur.

kancana: êmas.

kantha: gulu.

kanya, kanyaka, kanya, kanyaka: prawan.

kanyut: katut, kèli.

kapala: 1 êndhas; pangarêp.

kapi: kêthèk.

kapi-adrêng: adrêng bangêt.

kapiandhêm: mêmpêng.

kapidulur: ngumpul.

## KAPIDHARA ~ KAWIRYAN

kapidhara: klêngêr, sêmaput.

kapila: abang ênom.

kapilayu, kapiluyu: klayu.

kapiluh: ngêmbêng luh.

kapindra: ratuning kêthèk.

kapinêng: ménêng bae.

kapinta: sêdhih.

kapirangu: gojak-gajêg.

kapiswara: ratuning kêthèk.

kapita: sêdhih.

kapitut: katut.

kapya: kabèh, padha.

kapti: karêp.

kapwa: kabèh, padha.

karang-ulu: bantal.

kararap: klarap.

karatala: èpèk-èpèk.

karawista: rérênggan (pasrèn).

karya: 1 pagawean; 2 gawe.

karkasa: saru, bantêr.

karkatha: yuyu.

karma: kang linakonan.

karna, karni: kuping.

karuhun: biyèn, dhisik.

karuna: nangis.

karuni (ka), karunya: wêlas, kawêlasan.

karungrungan: edan marga kasêngsêm.

karongrong: suka-suka.

karta (-karti): tata tênrêm.

kartiyasa: 1 misuwur; 2 pintêr.

kartika: 1 lintang; 2 mangsa kapat.

karti-praja: pagawean nagara.

karti-sampeka: reka lan kaprigêlan.

kasah: pisah.

kasaya: gurih, asin.

kasak: rusak, dirusak.

kasarjon: sênêng.

kasatmata: katon.

kasita: misuwur.

kasyasih: kawêlas-asih.

kaskaya: kuwat, rosa.

kasmala: piala, lêlara.

kasmaran: kedanan, kasêngsêm.

kasub: misuwur.

kasulayah: ambruk, kalah.

kasusra: misuwur.

kaso: rungkad (wit-witan).

kasongan: 1 kayoman, kauban; 2 kêpadhangan ing (srêngenge).

kastawa: pakurmatan, sêmbah.

kascaryan: kagèt, gumun, bungah.

kaswara: misuwur.

kaswasih: mêmelas.

kata: crita.

katawurag: bubar.

katbuta: nêpsu bangêt.

katèngong, katèngsun, katèngwang: kandha (-ku).

katga: kêris.

katgada: enggal-enggalan.

katitih: kalindhih, kalah.

katong: ratu.

katrêsan: sêdhîh bangêt.

katri: katêlu.

katriwandhan: kacilakan.

kacapa: bulus.

kacapuri: pagêr bata.

kacaryan: gumun, bungah.

kacêne: disrêngêni..

kathuka: pêdhês.

kathungka: nistha., ala.

kawadaka: konangan wadine lsp.

kawahya: kawêtu.

kawaktan: kacrita.

kawanda: gembung, awak.

kawangwang: katon.

kawarna: kocap.

kawasita: dicritakake.

kawastara: kêtara.

kawatgata: kacilakan.

kawaca: klambi kêre.

kawêdhêngan: judhêg.

kawêkèn: kewuhan.

kawi: 1 pujangga; 2 karangan, rumpakan.

kawindra, kawiraja, kawiswara: pujangga pinunjul.

kawiryan, kawiryawan: kakêndêlan, kaluhuran.

KAWISMAYA(N) ~ KISMA

kawismaya(n): gumun

kawistara: kêtara.

kawitana, kawiwara: pujangga.

kawya: kidung.

kawuntat, kawuri: kêpungkur.

kawuryan: 1 kéri; 2 katon.

kawogan: kêpopoh.

kawot: kamot.

kèbêkan: kêbak.

kedah: sêdyा.

kèdêk: kidak, kêpidak.

kèdêran: diubêngi.

kèdhêp: 1 diurmati; 2 nungkul.

keguh: kagiwang atine.

kèksi: katon.

kèmêng(an): judhêg.

kèn: tapih, jarit, araning sêbutan.

kenas: lunga.

kendran: kelangan, ilang.

kènjêk:: kêpidak.

kentar: kèli, kentir.

kengis: rada katon.

kepyan, kepon, kepan: susah, kewuhan.

kerata: grêma, di-: ditêgêsi.

keratabasa: bab nêgêsi surasaning têmbung.

kerid: diirid.

kering: I kiwa; II.tanpa-: ora ana sing dieringi.

keron: kewuhan.

kesa: rambut.

kesya, keswa: rambut.

kewala: mung, wae.

kewêh, kewuh, kewoh: pakewuh.

kewran: kewuhan.

kabêsturon: lena.

kêdêh: kudu.

kêjut: kêdut.

kêjodhi: kalah.

kêjot: kagèt.

kêdhap: kêdhèp.

kêling, kêkêling: sêdhih, susah.

kêlit: ngapus.

kêlulun: katut.

kêmara: kumandhang.

kêmat: tênung.

kênas: kêthèk, kidang.

kêne, kêni: kêna.

kêncana: êmas.

kênya: prawan.

kênyar: sorot.

kêpangguh: kêtêmu.

kêpasuk: kêtaman, kôlêbon.

kêpati brata: mêmpong bangêt.

kêpilut: katut.

kêpus: klêbus, têlês.

kêpranan: kakênan atine.

kêrab, ngêrab: uyêk-uyêkan.

kêral: rosa.

kêrdyat: kagèt.

kêrkasa: sêru, rosa.

kêrpana: mêmelas, mîlas-asih.

kêrta (-kêrti): tênrêm.

kêrta-aji, di-: dikira-kira.

kêrtarta: putus.

kêrta-wadana: pangarêp.

kêrtiyasa: pintêr.

kêséksan: mêmpong.

kêssiring: rada kêtaman.

kêtêr: gêtêr.

kêtlimunan: kasaput ing pêtêng.

kêwedêngan: judhêg.

kikmat: kêmât.

kili: pandhita wadon (wong suci).

kilyan: kulon.

kilusuh: alum.

kinaningaya: dikaniaya.

kipayah: 1 bukti; 2 nipkah.

kiparat: dhêndhan.

kirana: sorot.

kira: kilat.

kirata: gêrma.

kirda: sênêng-sênêng.

kiris: giras.

kirna: 1.000.000.000.000.

kirta, kirti, kirtya: pagawean, panggawe.

kisas: ukum pati; diukum- (ut. di-); diukum pati.

kisat, di-ake: dikipatake.

kisma: lêmah.

## KITA ~ KOKAP

kita: aku kabèh.

kiwi, kêkiwi: lérêb.

kiwul, kêkiwul: malês (nêmpuh).

kyana patih: patih.

kyat: dumadakan, enggal.

klamun: yèn.

kral: rosa.

kram: sorot.

kramakala: sore.

krama-niti: gata-krama.

krastala: kuwasa, sêkti.

krêndha, krêndhawa: bëbèk.

krêndhi: ménjangan tutul.

krêpana: mlarat.

krêsna: irêng.

krêta: tata, tênrêm.

klesa: rêté, cacat.

klingking: jênthik.

klulut: kêkasih.

kuda: jaran.

kunjana: 1 wong ala; népsu.

kujiwat, ngujiwat: mlerok.

kudhampêl: ngêthapêl.

kudhandhangan: kêpengin, kangên.

kukap: kukus dupa.

kukila: manuk.

kukura: kura.

kula: turun.

kulagotra: sanak-sadulur.

kulala: kundhi.

kula-mitra: sanak lan kanca.

kula-santana, (wanda, -wangsa, -warga): sanak-sadulur.

kula-mitra: sanak-sadulur.

kule, ma-: turu.

kulêd: rêmbeñ, ora gancang.

kulêm: bêngi, turu.

kulisa: wadung, kampak.

kulita: kulina.

kulumur: kuthah.

kulwan: kulon.

kumadama: bodho, asor.

kumala: intên.

kumara: 1 bocah, jêjaka; 2 intên; 3. jiwa, roh.

kumba (kumbaya): 1 jun; 2 êndhas.

kumuda: kêmbar tunjung.

kunang: 1 dene; 2 banjur.

kunapa, kunarpa: bangke.

kunjana: sêdhih.

kunjana-papa: sêdhih.

kundha: 1 anglo; 2. wadhab.

kundhala: ali-ali, gêlang.

kundhang: rewang.

kundhi: jun, kêndhi.

kunêng: kunang.

kuncara: misuwur.

kunthara: pratingkah.

kung: sêdhih, kasêngsêm.

kupa: sumur.

kupina: cawêt, kathok.

kurakah: jagal.

kurda, kurdaka: nêpsu.

kurma: bulus.

kurug, kêre: kêre, tamèng dhadha.

kusala: bêcik, waras.

kusika: kulit.

kusuma: kêmbar.

kusta: lara budhug.

kuswa, di-: diambung.

kucira: kuciwa.

kucumbi: bojo.

kuthagara: gapura, regol.

kuthaka: sêsukêr.

kuthara: wadung, kampak.

kutasaksi: saksi palsu.

kuthawara: kutha gêdhe.

kuthila, kuthilang, kuthilêm: ora barès, julig.

kuthip: nistha.

kuthumbi: bojo.

kuwaka: cidra.

kuwanda: awak, bangke.

kuwara: misuwur.

kuwawa: kuwat.

kuwu, kêkuwu: manggon.

kojar: kocap.

kokap: kukus, dupa.

## KOKILA ~ LAMLAM

kokila: manuk.

kol, di: dirangkul.

kumala: alus, sarèh.

komram: padhang.

kondhang: rewang.

kontab: misuwur.

kontap: gadug, têkan.

kontra: misuwur.

kongas: sumerbak.

kongkal(an): kewalahan, kalah.

kongkil: kongkal.

kopina: cawêt, kathok.

koripan: panguripan.

korud: kuru bangêt, katut.

koswa: wadya bala. kotaman. kotbuta, nêpsu.

kothi: kêthi.

krêtayasa, krêtakirtya: misuwur.

krêtayuga: jaman (alam) kang kapisan.

krêtala: gégaman.

krêtanjali: nyêmbah, mbêbana.

krêtarta: kôlakon, putus (ngèlmu).

krêti: panggawe, kalakuan, pratingkah.

krêtya: (pang) gawe, kalakuan.

kridha: 1 sênêng-sênêng; 2 nggêgulang, nindakake.

krimi: ulér, cacing.

kruhun: dhisik, biyèn.

krura: galak, nggêgirisi.

krodha: nêpsu bangêt, muring.

kwèh: akèh.

## L

laba: bathi, kabêgjan.

labda: 1 kalakon; 2 pintêr, pana.

labdajaya: ménang.

labdagati: kalakon.

labdakarya: rampung.

labuh: runtuh, rusak.

lajita: isin.

laju: têrus, banjur.

laga: pêrang.

lagi: 1 biyèn; 2 wong tapa.

lagya: lagi.

lagna: wuda.

lagnyana: aksara lêgêna.

lahang: lègèn.

lêhêng: aluwung.

lahuyang: suwiwi.

lahru: mangsa katiga.

laya: 1 rusak, mati; 2 panggonan: lêlaya, mlaya, nglaya: lêlana.

layat: lumayat: lumayu, lunga.

layu: alum, mati; lêlayu: 1 gêndera cilik; 2 kongkonan.

layung: nangis ngandik-andik.

layon: mati.

laka: abang, lak.

lakêt: rakêt.

laki-bi, laki-bini: lanang-wadon.

lakya, lakwa: laku.

laksa: laku.

laksana: 1 ngalamat; 2 kabêgjan; 3. laku.

laksita: laku, kalakuan.

laksmana: bêgja, kabêgjan.

laksmi: ayu.

laksmiwati: endah bangêt.

lakwa: laku.

lalah: luluh, lèlèh.

lalayan, laleyan: pagêr bata.

lalalucu: sêmbrana, lêlucon.

lalana: lêlungan.

lalata: bathuk, pêpaès

lalawora: rèmèh, ora nyata.

lalis: 1 lunga, ilang; 2 mati.

lalu: liwat.

lalu-mangsa: kasèp.

lalun, ka-: kanyut, katut.

lama: lawas, suwe.

lamak: lèmèk, babag.

lambang: kidung, pralambang.

lambang-jangka: pralambang wêwêcan.

lambang-sari (santun, sêkar): cumbana.

lam-lam: sênêng, gumun.

## LAMUN ~ LINGGA

lamun: yèn.

lamong, ng-: ndlêming.

lampita: pralambang.

lampus: mati.

landang: rewang.

lancana: têtêngêr, pratandha.

langên: 1 kasênêngan, kaendahan; 2 (ut. lêlangên): sênêng-sênêng.

langgala: waluku.

langgula: buntut.

langkap: gandhewa.

langking: irêng.

langun: langên.

lapa: ngêlih.

lara: susah.

lara-brangta: kedanan.

lara-karuna: nagis kalara-lara.

lara-lapa: sangsara.

laras: 1 gandhewa; 2 (raras); endah.

laris: laku.

larya: bocah.

laryan: kalèn, jagang.

laru, larwan: laron.

lasa: urub, padhang.

lata: godhong.

latah (-latah): gumuyu.

latak, latêk: blêthok, êndhut.

latip: ringkih.

latuh: blêthok.

latri: bêngi.

lawad: tilik.

lawayan: badan

lawan: 1 mungsuh, tandhing; 2 lan, karo.

lawana: uyah, asin.

leda, lêleda: lêlewa, saradan.

lèk: 1 tanggal (ênom); 2 sasi.

lèn: liya, seje.

lena: 1 kurang wêweka; 2 ilang, mati.

lèndhi: palanyahan.

lenggot-bawa: tlèdhèk kadewan.

lèngsèr: mundur saka pasowanen.

lepa: pupur, blonyo.

lepaka: jênês, rêté.

lèrès: mundur ngendhani (pêrang).

lès: lunga.

lesya, leswa: sêngadi.

leysus: lesus.

lêbda: mumpuni, pintêr.

lego: gojag-gajêg, rikuh.

lêyêp: layap-layap.

lêlana: lêlungan.

lèlèh: luluh, sêdhih.

lêmak: gajih.

lêmbèk: ombak.

lêmêh: lumuh.

lêniyap, lênyap, lênyêp: ilang.

lêng: èsthining ati.

lêngêng: 1 njêngêr; 2 nêngsêmake.

lênggana: ora gêlêm, êmoh.

lênggang: ucul, wudhar.

lêngis: 1 alus, lunyu; 2 lênggang.

lêngit: 1 lêmbut; 2 ilang.

lêngka: pait.

lênglêng: kasêngsêm.

lêpar, tan-: tansah.

lêpiyan: tuladha.

lêrah: warata, gêlar.

lêsan: laksana.

lêsmi: endah.

lêwah, lwah: kali.

ligar: rontog.

lihat, liyat, lumihat, lumiyat: ndêlêng.

lika: tulis.

likita: tulis.

lilang: 1 endah; 2 ilang.

lilung: kedanan.

limér: nglayang

limur: lipur.

limus: pakèl.

limut: 1 pêdhut; 2 lali.

limo: jêruk.

limpah: wutah.

lina: ilang, mati.

linud: ditaréngi.

linrang: disébari.

linyap: ilang.

ling: 1 gagasan; 2 clathu.

lingga: 1 têtêngêr, tugu, pêpundhèn; blêgêr, awak.

## LIRING ~ MAHISI

liring: kêdhèping panyawang.

liris: grimis.

liron-patra: kirim-kiriman layang.

lirwa: sêmbrana.

liswa, lisya: pawadan.

listya: endah.

liwung: 1 mumbul; 2 ngamuk.

lyan: liya.

lyar: lèr.

lubdaka: gêrma.

lud: tansah; 2 tut-buri, anut; di-: dioyak.

ludira: gêtih.

luhung: 1 luhur; 2 luwung.

luhur: dhuwur.

luyu: katut, kèli.

luyut: oncating sukma.

lukis, di-: digambar.

lukita: karangan.

lulud: borèh, lulur.

lulun, kê-: kôlun.

lumaksana: mlaku.

lumaris: mlaku, lélungan.

lumêng: murub.

lumiyat: ndêlêng.

lumiring, lumirig, lumud: tutburi, manut.

lumra, lumrang: mratani, sumrambah.

lungayan: 1 gulu; 2 tangan.

lungid: landhêp; lê-an; prakara sing alus-alus.

lupiya: tuladha.

lupta: kliru, lali.

luri: léluri, lêluhur.

luruh: sarèh.

loba, lobista: murka.

lodaka: banyu.

lodra: galak, népsu.

lohita: abang.

loka, lokaya, lokamandala: jagat.

lokananta: gamêlan ing kayangan.

lokendra, lokeswara: ratuning jagat.

lokika: kadonyan, wong donya.

lokita: lukita.

lori: gada.

lot: 1 tansah; 2 sabar.

lota: galak.

locana: mata.

locita: gagasan.

lwa: jêmbar.

lwah: kali; kc. loh.

lwir: kaya.

## M

mabang: abang.

mabukuh: linggih tumungkul.

madana: (-raga): sih, sêngsêm.

made: tengah, bale.

made kambang: bale kambang.

madya: 1 tengah; 2 bangkekan.

madya-gantang, madyantara: awang-awang.

madyapada: jagat.

madyasta: tengah-tengah, netral.

maetala: bumi.

magasesa: kagol, cuwa.

magêng: gêdhe.

magut, (-jurit, -pupuh): maju pêrang.

maha: bangêt, linuwih.

mahadibya: sêkti bangêt.

mahadwija: guru (pandhita).

mahayati, mahayékti: pandhita linuwih.

mahamantri: patih.

mahambara: langka.

mahamuni: pandhita linuwih.

mahaprana: kanthi napas akèh (aksara murda).

mahardikènrat: kang wicaksana sarta kuwasa.

maharêsmi: rêmbulan.

maharsi: pandhita luhur.

mahas: dolan-dolan, lumêbu ing.

mahitala, maitala: bumi.

mahaha: kêbo.

mahisi: pramèswari.

## MAHO ~ MARAWAYAN

maho: bêning, padhang.

mahodadi: sagara.

mahosada, mahosadi: tamba.

maya: 1 sêmu, samar; 2 pangapus, endah.

mayura: mérak.

makara: urang.

makidhupuh: linggih tumungkul.

makung: kedanan.

makrak: mbêngok.

maksi, mèksi: ndélêng.

mala: 1 rérégéd; 2 dosa, cacad.

malad (-alad), maladi: 1. murub; 2 mëmpêng, kêpengin; malad puja: sêmadi: maladi ning (-êning): ngêningake cipta.

malang sumirang: sagêlêm-gêlême dhewe.

malbèng, malbung, malbwèng: mlêbu ing.

malige, maligèn: dhampar.

mamèt: golèk

mami: ku, aku.

mamuk: ngamuk.

mamut: ilang, lunga.

manaduganda, manadukara: ngrujuki.

manastapa: susah, sêdhih.

manda: alon, lirih.

mandara: macak, dandan.

mandira: wringin.

mandra: I lunga, lêlungan; II lirih, alon.

mandragini, mandrakini (gupit-): gêdhong paturon.

mandraguna: wasis (digdaya)

mandrawa: kadohan, adoh.

manjing: mlêbu.

mandhala: 1 buwêngan, wêwêngkon; 2. patapan.

mandhalika: tanah gaduhan.

mandapa: pêndhapa.

mandirèng (-pribadi): madêg dhewe.

mandhiri: madêg.

mandhuka: kodhok.

manêh: batur.

manih: manèh.

manik, manikên:<sup>[2]</sup> intên.

manikya: mirah.

manila: intên biru

manira: aku.

manis: lêgi.

manuja: manungsa.

manuhara: mriks. manohara.

manusapada, manuloka: jagad.

manusmara: nyipta, muja.

manobawa: sih, nayogyani.

manohara: 1 endah, nêngsêmake; 2 ngarih-arih.

manon, Hyang Manon: Gusti Allah.

manonbawa: sêdhih, susah.

mantri-muka (-mukya, -wisesa): patih.

mantyanta: bangêt.

mancala-putra (-putri): bisa malih dadi apa-apa.

mancana: nggodha, ngridhu.

manca udrasa (-rawat): nangis.

manca garwa: ngêpèk bojo.

manyura: mérak.

mangang: mënga amba.

mangde: agawe, marakake.

mangêb: ngaub, ngeyub.

mangga: gélém.

mangga sesa (-sisa): cuwa, gêla.

manggista: manggis.

manggya, mangguh: nêmu.

mangka: minangka dadi.

mangkadi: tur, lan uga.

mangkara: urang.

mangkrak: mbêngok, népsu.

manglah: ngêsa, angluh.

manglèng: ngêlèng.

manglih: ngêlih.

mangling: clathu.

manguyu: cantrik.

mangunêng: kasêngsêm, sêdhîh.

mangun-kung: sêngsêm.

mapa: apa.

mapan: 1 jér, awit; 2 nanging.

marakarma: kasangsaran.

marakata: jumérut, mirah.

marana: mati, lara.

marasadu: ngapus, julig.

marawayan: ndlèwèr, mili, rawe-rawe.

## MARBUK ~ MINTAR

marbuk: sumērbak, ngambar.

mardala: kēndhang, tētēg.

mardawa: 1 lêmês; 2 alus, sarèh.

mardawa-basa: ahli basa.

mardawa-lagu: ahli lagu (gēnndhing).

mardikèngrat: kang nguwasan jagat.

marga: dalan.

margaina: guwagarba.

margana: panah.

margiyuh: sêdhih, susah.

margup: sayah, kêsêl.

marikêlu: tumungkul.

maryada: 1 têtêngêr, kalakuan; 2 rikuh, isin.

markata: jumêrud.

marlêsu, marlupa: kêsêl, sayah.

arma: mulane.

marmi, marmita (-ne): mulane.

marus: gêtih.

maruta: angin.

marta, martana: lêmbah manah, sarèh.

martyaloka, martyapada, marcapada: alamdonya.

marwata suta: bungah bangêt.

marwita: maguru.

maskentar, maskentir: maskumambang.

masmu: sêmu, katon kaya.

masung: awèh, ménèhi.

mastaka: pucuk sirah.

mastuti: ngalêm, nyêmbah.

matag: akon.

mataya: njogèd.

matangga, matêngga: gajah.

matis, matistis: atis, sêdhîh.

matra: 1 ukuran; sathithik.

matra-kelasa (-kilasa): ngatut.

matsya, matswa: iwak.

matyanta: bangêt.

maca udrasa: nangis.

mawat, mawèh: awèh.

mawat-gawe (-karya): nglakoni piala.

mawêlu: pucêt.

mawêrdi: mundhak-mundhak.

meda: sidhêkah, slamêtan; 2 budi.

medan: têgal, papan paprangan.

mèdini: bumi.

megung: gonjing.

mekala: bangkekan.

memba: mêtû.

mendra: lunga, lêlungan.

mènmèn: mbarang.

mentar: lunga.

mengas: mlengos.

menggal: enggal.

menggar: ngenggar-enggar.

mèpi: ngimpi.

mèpu: susah (sêdhîh) bangêt.

merang: isin.

mèru: gunung.

mèru pancaka: pangobongan mayit.

meron: èmpèr.

mèsi: ngêmot, isi.

mèt: golèk, njupuk.

mègêp: gagah (bêcik).

mêhêng: mung.

mêmêla: mêsakake, mélasarasih.

mène: 1 mèngko; 2 (ut. sa-) saiki.

méntrik: para nyai ing pratapan.

mênggah-mênggah: mènggèh-mènggèh.

mênggêp: gagah, katon bêcik.

mêngkêlang: wangkal, ora manut.

mêrbuk: sumêrbak, wangi.

mêrdangga: gamêlan.

mêrdapa: trubus.

mêrdu: alus, lêmês.

mêrgangsa: tukang kayu.

mêryayang, mêryangyang, mérnyanyang: dadi lêlêmbut (dewa).

mêrtyu: 1 blêdhèg; 2 gêni.

mêta: nêpsu bangêt.

mijil: metu.

miguna: pintêr.

miyat: ndêlêng.

miyum: mèsêm.

mimba: mêtu, kaya.

mina: iwak.

minantaka: juru misaya iwak.

minum: ngombe.

mintar: lunga.

## MINTUNA ~ MWANG

mintuna: jodho, lanang-wadon.

mingat: ndêlêng.

minggu: mênêng, nggêglêg.

minggung: gonjing.

minging: ngambar wangi.

mingis: katon.

mingkara: nglawan, nêmpuh.

mingkung: êmoh, nampik.

mipi: ngimpi.

mirud: larut, kèli.

miruda: minggat.

mitra-darma: mitra bêcik.

myat: ndêlêng.

mlaya: lunga saparan-paran.

mleca: (wong) asor, cidra.

mudangkara: êndhas.

mudgara: palu, gada.

mujuk: mbujuk.

mudha: ênom, bojo.

mudha-dama: bodho lan asor.

muhung: mung.

muka: rai, ngarêp.

mukara: pangarêp, lêlurah.

mukya: pangarêp, lêlurah.

muksa: ilang saragane.

mukta, muktah: muksa, mati.

mula: oyot, wiwitan.

mular: nangis.

mulyawan: luhur.

mulku: 1 kraton; 2 (sang) ratu.

multak: ndlêdêg mêtu.

mumpang-kara: mlada<sup>[3]</sup> marang prentah.

mundrawa: nyêmbah.

mundri: 1 nyamat (ing kuluk); 2 pênthil.

mundhing: kêbo.

muni: pandhita.

munindra, muniswara, muniwara: pandhita linuwih.

munya: muni.

munggèng, mungging, munggwing: ana ing.

munggul: mêncungul.

mungsir: nundhung, ngoyak.

mupadrawa: niksa.

mupakara: ngupakara

mupug: mumpuni.

murang-kara: mbalak marang parentah.

murda, murdaka: êndhas, pangarêp.

muringring, muriring: ndrêdhêg, giris.

murka: bodho.

murud: lunga, mati.

murta: ilang.

murti: awak.

murca, murcat: 1 klêngêr; 2 ilang.

murcita: 1 klêngêr; kandha.

musala: pênthung.

musika: tikus.

musna: ilang.

mustaka: pucuk, êndhas.

musthika: intên.

mucang: nginang.

moga: ora bisa kliru.

mohita: susah

moksa, mokta, moktah: ilang.

molih: olèh.

mon: yèn.

mona: ménêng.

monêng: kangên, kasêngsêm.

mong: macan.

mor: amôr, awor.

mra: wrata.

mradapa: sêmi, tuwuh.

mradêksa: ngadêg, madêg.

mradipta: sumorot.

mraja: maharaja.

mrajaka: kongkonan, utusan.

mrêdangga: gamêlan.

mrêdu: alus, lêmbut.

mrêga: buron alas; 2 kidang.

mrêgalanca: rêmbulan.

mrêganata: macan.

mrêp: nggitik, nêmpuh.

mrêta: mriks. marta.

mrêti: mati.

mrêtyu: 1 mati; 2 blêdhèg.

mrîk: ngambar.

mrîng: marang, ményang.

mwang: lan, sarta.

## NABA ~ NISKARA

N

naba, nabastala: langit, awang-awang.

nabi: wudêl.

nada: swara, nywara.

nadi: kali.

nadpada: ngabêkti.

naga: 1. gajah, 2. ula.

naga gini: ula wadon.

naya, nayana: I 1 pratingkah; 2 kawicaksanan, pangrèhing nagara; II ulat, polatan; 2 mata.

nayadi: sumèh.

nayaka: panuntun, pangarêp.

naka: kuku.

naksatra: lintang.

nala: ati.

nalendra: ratu.

nambang aksi: sawang-sawangan.

nambi: mblela.

namu-namu: 1 ilang; 2 suwung, awang-awang.

nana: 1 cangkêm, rai; 2 ilang, rusak.

nandaka: banthèng.

nandana: anak.

napi: suwung.

naradipa, naradipati, naraji: ratu.

narakarya: karerehan.

narakusa, narakuswa: wong (palêmahan) miji.

naranata, narapati: ratu.

narapraja: priyayi.

naraya: ratu.

naraca: panah.

narawara: senapati, prajurit.

narawata: anjrah, tanpa kêndhat.

narendra: narèsvara, ratu.

narèsdramahisi,<sup>[4]</sup> narèsvari: garwaning ratu.

narya, narpa, narpati: ratu.

naryana: senapati.

narmada: kali.

nasa, nasika: irung.

nastapa: sedhih.

nata: ratu.

natar: latar.

natkala: nalika.

natya: polatan.

nawa: 9.

nawala, (-patra): layang

nendra: turu.

nèriti: kidul-kulon.

netra: mata.

netya: polatan, mripat.

nêhêr: tumuli.

nênggih: ya iku.

nêrpa, nêrpati: ratu.

nihan: mangkono, mangkene.

niyata: nyata, têmênan.

niyuta: sayuta.

nikanang, nikang: kang.

nikèn: wong wadon.

nikêl asta (-wrêti): nyêmbah.

nila: biru, (anila): angin.

nilakrama: takon.

nilapracanda: prahara.

nilawarsa: udan angin.

nimpuna: pintêr.

ninang, tan (ora-): ora beda.

nindita: tanpa acacad, linuwih.

nindya: linuwih.

nipuna: wasis, pintêr.

nir: ilang.

nira (nireka, nirèki, nirèku): -e, -ne.

nirada: mēndhung.

niraya (-pada): 1 alam kamuksan; 2 naraka.

nirrasa: tanpa rasa.

nirbaya, nirbita: kēndêl.

nirdon: cabar, wurung.

nirwala: tanpa cacad, suci.

nirwa: tanpa guna, rèmèh.

nirwana: jaman kailangan.

nirwèsthi: ora wêdi ing bêbaya.

nis: lunga, ilang.

nisakara: rêmbulan.

nisita: 1 landhêp; 2 linuwih, pintêr.

niskala: slamêt; 2 rêsik, suci.

niskara, sa-: samubarang.

## NISKARANA ~ UNCANG

niskarana: tanpa sabab.

niscaya: mêsthi.

niscala: kukuh bangêt.

niswasa: napas, ambêkan.

niti: iguh, pranatan.

nitra: nulis.

nityasa: tansah.

niwanda: sêbab, jalaran.

nu: dalan.

nugraha: ganjaran.

nungku: mélêng puja.

nuraga: I digdaya, sêkti; II andhap-asor.

nusa, nuswa, nusya: pulo.

nusantara: kapuloan.

nuswapada: jagat.

nuwala: layang.

nuwila-ganda: sumanak.

non: wêruh.

nor-raga: andhap asor.

nrang: nêmpuh, nyêrang.

nrus: têrus.

nyu: krambil.

nyatmata: namatake.

ngamandaka: gêgorohan.

ngambara: 1 ngambah ing awang-awang; 2 lunga mrana-mrana.

ngèl: kêsêl, rêkasa.

ngendrawila (-wilis): irêng gilap (rambut).

ngêmasi: mati.

ngênthahasa: nyrémpêng.

ngênyu dênta: kaya krambil gadhing.

nginglung: ngênglêng.

nguniwèh: luwih-luwih, tur.

ngranuhi: saya bangêt.

ngrik: ngêrik.

ngwang: aku, ku.

U

ubaya: janji.

ubon-ubon: endhang.

uda: banyu.

udadi: sagara.

udaya: 1 sagara; 2 plêthèking srêngenge, mumbul.

udaka: banyu, tuk.

udakara: kira-kira.

udama: nistha, asor.

udamamah: pakêcapan.

udanagara: tatakrama.

udani: wêruh.

udara: awang-awang; 2 wêtêng.

udarasa: panduga, pangira.

udarati: sagara.

udasmara, ng-: nggagas, ngunandika.

udata: sêru, umuk.

udrasa: luh.

udyana, ujana: taman, patamanan.

uijwat, ng-: nglirik, mlerok.

ujung: pucuk.

ujungan liring: lirik-lirikan.

ujwala: sorot, sumorot.

ujwalita: sorot, sumorot.

uhut, di-i: dipênggak.

ukih, di-: 1 diarah; 2 diundurake, (diroyak, dikalahake).

ulap: wêdi, ering.

ulu: êndhas.

ulubalang: senapati.

ulu-bêkti (pêkti): bulu-bêkti.

ulu-guntung: cantrik.

ulun: 1 batur; 2 aku.

umbara, ng-: lunga saparan-paran.

ume: nglangi.

umis: mili.

umung: rame.

umrêg: gumrêbêg, rame.

unakara: udakara.

unandika, ng-: gunêman sajroning ati.

unang: susah (kêsêngsêm).

unêng: sêdhih.

untar: urub.

untara: 1 lor; 2 kiwa.

uncang,di-: diuncalake.

## UNGANG ~ PALIKRAMA

ungang, di-: diungak.

unggyan: ênggon.

ungkara: pêpuji, donga.

ungkih, di-: disur (kalungguhake), didhêsuk.

ungsir, di-: dioyak, digusah.

upaboga: kanikmatan, pangan.

upadana: pawèwèh.

upadi, di-: digolèki.

upadrawa: kasangsaran; di-: disiksa.

upajiwa: pangan, rêmeki.

upaya: krenah; ng-: golèk.

upakarya, di-: diupakara.

upaksi: atur-: awèh wêruh.

uparêngga: rérênggan.

upata: supata.

upêksa, upèksi: wêruh.

upêkti, upêtya: 1 pamêtu, wulu-wêtu; 2 bulu-bêkti.

upiksa: wêruh.

urab-sari: kembang campurbawur.

urêk: rukêt.

urud: lorod, suda.

usada, usadi: tamba.

usana: jaman kuna.

usi, di-: dioyak.

uswasa, usyasa: ambêkan, napas.

utama: bêcik, linuwih.

utamingga: êndhas.

utara: lor, kiwa.

uwa: (sanjata): walat.

## O

obar-abir: clèrèt, thathit, kilat.

onêng: sêdhih, kasêngsêm.

onya: lunga.

orêm: sêdhih, prihatin.

## P

pada: sikil.

padaka: intên (rêrênggan).

pada-mandala: jagat.

pada-wacana: praèan.

padma: kêmbang trate.

padmasana: dhampar.

padni, patni: bojo (somah).

paduka: 1 trumpah, sépatu; 2 panjénêngan.

padwan: padon.

padyut: obor, diyan, sorot.

pajamuka: ora paja-paja.

padhahi: gamêlan.

padhak: madak: marak, nyêdhak.

pade, tan -: ora padha.

padhola mangambak-ambak: orêg gonjing (tmr. bumi).

pagah, pagêh: panggah, kukuh.

pagut: têmpuk, pêthuk, têmpuh.

pahala: paedah, ganjaran.

pahêman: pirêmbungan.

pahyas: paès.

pahuman: 1 sanggar palanggatan; 2. pakumpulan.

paya: sarana.

payudara, payodara: susu.

pakardi, pakaryan, pakarti: panggawe, pagawean.

pakeling: eling.

paktering: ering.

pakerti: 1 panggawe, pagawean; 2 watak.

paksa: paro, sisih, iringan, swiwi.

paksama: (upaksama): pangapura.

pala: 1 woh; 2 piguna.

palakarta: rampung.

palakêrti: prabot-prabot, ubarampe.

palakrama: (-krami): 1 pakurmatan, taklim; 2 bêbojoan, rabi (laki).

palal: sihing Pangeran.

palamarta: wêlas-asih bêbudène.

palastra: mati.

palasta, palêsta: 1 rampung; 2 êntèk.

palacidra: ora tuhu, cidra.

palibaya: sanak.

palihara, di-: disikara, ditêmpuh.

paliyas(an): panulak.

palikrama: pakurmatan, taklim.

## PALIMARMA ~ PARIMANA

palimarma, palimirma: sih kawêlasan.

paliwara: pawongan, kongkonan, pawarta.

palyas: panulak.

palugon: pêrang, pêpêrangan.

palupi: 1 pola, tuladha; 2 layang.

paluwanu, palowanu: dhampar.

palwa: prau.

palwaga: kêthèk.

pamade: (pamadya): panêngah.

pamasa, pamase: ratu.

pamedan: palataran, alun-alun.

paminangkerti: cinthung, tênung.

pamulu: wujuding praèn.

pan: awit, nanging.

pana: ilang, êntèk, putus sêsurupane.

panakrama: pakurmatan.

pandaya: piranti.

pandam: pêpadhang, diyan.

pandika: têtêmbungan, gunêm.

panduk: patrap.

pandon: wasana, pungkasan.

pandriya: ati, pancadriya.

panjara: kunjara.

panji: gêndera.

panjut, panjuta: pêpadhang, diyan.

panjor: wêwaton.

pandhega: lêlurah.

pandhêm: bandhêm.

pandhita: wong kang putus ing kawruh.

pandhosa: bandhosa.

panêlah: jênêng, aran.

panida: ênjêt.

paningrat, panirat: èmpèr.

panitra, panyitra: juru nyathêti.

panitya: komisi (ing pakumpulan).

pantaka: pati, mati.

pante: pasisir.

pantesawa: bandhosa.

panti: omah, panggonan.

panca: lima.

pancabaya: bêbaya warna-warna.

pancabakah: pasulayan, kêkêrêngan.

pancaka: pangobongan mayit.

pancakara: pêrang, kérèngan.

pancanaka: kuku lima.

pancaniti: palênggahan.

pancaruba, pancawora: prahara.

pancawala: bocah lêlima.

pangantyan: pangantèn.

pangaribawa: prabawa, daya.

pangawikan: kawruh.

pangde: panggawe.

panggêh: panggah.

panglah, pangluh: pasambat.

panglima: senapati.

pangran: pangeran.

papa: nistha, cilaka.

papan: tamèng.

papeka: sêmbrana.

paprêman: paturon.

parajala: kalah, kasoran.

parakrama: 1. kêkêndêlan; 2 pakurmatan; 3. laki-rabi.

paramakawi: pujangga linuwih.

paramarta: bêcik budine.

paramèngbasa: putus ing basa.

paramèswara: ratu.

paramèswari: ratu putri.

paramèsthi: dewa linuwih.

paramita: kasampurnan.

parampara: juru rēmbug.

paranbaya: apa baya, gèk apa ta.

paranpara: 1 panuntun; 2 juru rēmbug.

parangmuka: mungsuh.

parasdya: niyat, karêp.

parasu: 1 wadung; 2 bangke.

parastra, paratra: mati.

paracidra: laku cidra.

parbata: gunung.

parêng: barêng.

paribawa: 1 panyamah, pangapêsan; 2 (ka-): kalah, kasoran.

pariga: gada, kenthès.

parikrama: 1 midêr; 2 kalawan tata.

parimana: 1 ukuran, takêran; 2 watês, wangênan.

## PARIMARMA ~ PISUNA

parimarma, parimirma: kawêlasan.

paripêksa, pamêksa: pêksa.

paripuja: pakurmatan.

paripurna: 1 wutuh, ganêp; 2 rampung; 3 mari.

paritustha: bungah bangêt.

pariwada: pêpoyok.

pariwarâ: 1. wara-wara, pitur; 2 batur, pandhèrèk.

paryangka: palungguhan.

parman: kawêlasan (ing Allah).

parnah: prênah, ênggon.

paruh: cucuk.

parupuh, di-: digêbugi.

parswa: (lambung, sikil-) gunung.

partisara: piyagêm, layang pratandha.

partiwa: ratu, mantri.

parwa: perangan, bab.

parwan: paron.

parwata: gunung.

parsadon: regol, gapura.

pasamiran: paturon.

pasanggiri: sayêmbara ginantungan ganjaran; 2 pêpanggil.

pasung: pawèwèh.

pasraman: patapan

pasrangkara: aruh-aruh.

pascima: kulon.

patah: tugêl, putung.

pataka: 1 piala, duraka; 2 bêbaya; kacilakan; 3 gêndera.

pataksi: patakon.

patala: bumi.

patani: paturon.

patarana: palungguhan.

patêmbaya(n): sêmayan.

patêr: gludhug, blêdhèg.

patik: 1 abdi, batur; kawula (aku).

patik-aji: 1 abdining ratu; 2 kawula (aku).

patikbra: kawula dalêm (aku).

patra: godhong; 2 layang.

prajurit, patrayuda: pêrang.

pacima: kulon.

pacrabakan: pamulangan.

pathola: sutra alus.

pawaka: gêni.

pawana: angin.

pawarsakan: pananggalan, alménak.

pawiyatan: pamulangan.

pawira: tumbak.

pawitra: suci, bêning, rêsik.

peka, pêpeka: sêmbrana.

pelag: bêcik (bagus, ayu).

pendah: beda, seje; tan-: kaya, padha karo.

pepeka, pêpeka: sêmbrana.

pêkik: bagus.

pêkul, di-: dirangkul.

pêlêng: èsthi.

pêluk, di-: dirangkul.

pênjawat: suwiwi.

pênuh: kebak.

pêngkul, di-: dirangkul.

pêngung: suwung, kothong.

pêpeka: sêmbrana.

pêrjaya, di-: dikalahake, dipatèni.

pêrjiwatan: sih-sinihan.

pêrêp, di-i: dicêdhaki.

pêrmadani: babud.

pidak padarakan: wong asor.

pidana: siksa, paukuman.

pidari: 1. lérêb, palérêban; 2. palêmahan.

pidikan: sanggar pamujan.

pijana: taman, patamanan.

piyarsa: miyarsa, krungu.

pilag: bagus, ayu.

pilapilu: yiyyid.

pilih: 1. yèn, ménawa; 2. bilih.

pilis: pilingan.

pindha: mèmpér, kaya.

pinèt: diépèk, dipurih.

pinrêp: ditêmpuh.

pinta, di-: dijaluk.

pinge, pinghe: putih.

pinggang: bangkekan.

pingging: bodho.

pisuna: panyampah.

PITA ~ PRAYA

pita: kuning.

pyayama: matur, kandha.

plaga: kêthèk.

plana: lapak.

plawaga, plawangga: kêthèk.

pliyasan: panulak.

pudyastuti: pangaji-aji.

pujabrata, pujakrama, pujastuti: pangaji-aji.

puhara: wasana.

puhawang: nakoda.

puyêngan: ubêng-ubêngan, bingung.

puyut: buyut.

pukulun: 1. panjénêngan; 2. aku.

pulang: pulih, gathuk.

pulang-gêni: ratus, dupa.

pulang-lêbu: kasaput (kêbak) ing lêbu.

pulang rah: kêkuthah gêtih.

pulasta: 1. rampung; 2. êntèk.

pulir: mubêng, munyêr.

pulung, di-: 1. dijupuk; 2. dibanjut nyawane.

punagi: kaul, nadar.

punah: sirna, rusak.

punang: kang.

punjung: dhuwur.

punggung: bodho.

pungun-pungun: lêgêg-lêgêg sêdhih.

pupuh: 1. gêbug, panggêbug; 2. pérêng, kérêngan.

pupul: kumpul.

pura, puraya, purantara, purasaba: kêdhaton, kraton.

purba: wiwitan, kuna; di-: 1. diérèh, dikuwasani; 2. diwiwiti (dianakake, dititahake).

purba wisesa: panguwasa

purna: 1. ganêp, wutuh; 2. pulih, mari; 3. rampung.

purnacandra: purnama

puruhita: 1. pandhita, guru; 2. maguru

purusa, (wong-): lanang.

purusotama: (prajurit, wong) linuwih.

purwa: 1. wiwitan; 2. (-kala) jaman kuna; 2.<sup>[5]</sup> wetan.

purwa-duksina: wetan karo kidul (wiyitan lan pungkasan).

purwaka: biyèn, wiwitan, bêbuka.

purwa-madya-wasana: wiwitan (-têngahan) lan pungkasan (wiyitan têkan pungkasan).

pusang, pusêng: bingung, kuwur.

pusara: tali, rante.

puspa, pusrita: kembang.

pustaka: layang, buku.

pusthi, di-: dicêkêl (gêgaman).

putêk: judhêg bangêt.

putraka: putu.

puthut: andêl-andêling pandhita.

puwara: pungkasan, wêkasan.

ponang: kang.

pora (-jana): wong ing nagara.

praba: sorot, cahya.

prabakara, prabangkara: srêngenge.

prabancana: angin.

prabata: 1. gunung; 2. esuk.

prabawa: 1. kasêktèn, panguwasa; 2. daya.

prabeda: beda, kacèk.

prabu: 1. bêndara, panggêdhe; 2. ratu.

prabu-anom: pangeran adipati.

pradana: 1. pangarêp, panggêdhe; 2. pawèwèh, dana.

pradangga: gamêlan.

pradanggapati: srêngenge.

pradapa: lung ênom, pupus.

pradikês: pintêr, trampil.

pradipta: pêpadhang, diyan.

pradon, praduan: paturon.

praja: kraton, krajan, nêgara.

prajaya, di-: dikalahake, dipatèni.

prajaka: kongkonan.

pragalba: 1. galak; 2. macan.

pragola rukêt: pêrang rukêt (gêlut).

praya: niyat, karêp.

## PRAYOJANA ~ PRUWITA

prayojana: karêp, miyat.

prakasa: 1. misuwur, kaloka; 2. prakosa

prakasita: misuwur.

prakata: gumuruh.

prakêmpa: orêg, lindhu.

prakosa, prakoswa: 1. rosa, bakuh, panggah; 2. kuwasa.

praksana, kaca-: kèkêr, mikroskop.

pralabda: pintêr.

pralaga: perang.

pralaya: 1. rusak, kiyamat; 2. mati.

pralampita: pralambang, pasêmon.

pralena, pralina: mati.

pralêbda: pintêr.

pramada: weya, sêmbrana.

pramana: 1. kêtêging jantung, nyawa; 2. awas.

pramega: prabot, panganggo.

prameya: linuwih.

pramèsvara: ratu.

pramèsvari: garwaning ratu.

pramugari: pangarêp, panuntun.

pramuka: pangarêp, lélurah.

pramoda: 1. bungah, kabungahan; 2. (pramudèng puri) ratu.

prana: ambékan, napas, ati.

pranada: palinggihan, klasa, lèmèk.

pranaja: dhadha.

prananta, pranantika: pati, mati.

pranata: tumungkul, nungkul.

pranawa: padhang, waspada.

prapta, prapti: têka, têkan.

prasada: candhi, gêdhong, kêdhaton.

prasama, prasami: padha.

prasandha: saguh, cocog.

prasapa: supata.

prasêtya: saguh, sêtya tuhu.

prasida, kôlakon, sida.

prasoda: mriks. prasada.

prastawa: waspada.

prastha: gêgêr, githok.

pratala: bumi, lêmah.

pratama: kang kapisan.

pratangga, pratanggakara (-pati): srêngenge.

pratignya: prasêtya.

pratihata, pratiyata: panggah, sêntosa, sêkti.

pratima: rēca, golèk.

pratingkês: prigêl, pintêr.

pratipa: 1. mrêngkang, ndaga; 2. prahara.

pratisara: 1. tali, tampar; 2. piagêm, layang pratandha.

pratistha: dêdunung, linggih.

pratita: misuwur.

pratiwa: senapati.

pratiwanda: pakewuh, bêbaya.

pratiwi: bumi, lêmah.

pratyaksa: têrang, cêtha.

pratyangga: 1. badan; 2. gêgaman.

pracalita: gêlap, thathit.

pracandha: prahara, angin gêdhe.

pracara: laku ala, urakan.

pracere, pracore: wong asor, (urakan).

pracima: kulon.

pracoda: cêmêthi.

pracondhang, di-: dikênani, ditalèni; 2. dikalahake.

prawara: prajurit.

prawasa, di-: ditêmpuh, dikalahake.

prawata: gunung.

praweda, di- (ni): dipindêng, dièsthi.

prawedyarini: dhukun bayi.

prawira: kêndêl.

prawita: wiwitan, jalaran, maguru.

prema: sih kawêlasan, pangeman.

prêm: turu.

prêp, di-: 1. diantêm, digêbug; 2. ditêmpuh.

prêtana: barisan, prajurit.

priangga, pribadi: 1. dhewe; 2. ijèn.

pribu, di-: ditêmpuh, disêrang.

priya: (wong) lanang.

priyambada, priyêmbada: pangrungrum (pangarih-arih).

priyangga: dhewe, ijèn.

priyarana: prajurit.

pringga: bêbaya, pakewuh.

pruwita: maguru.

## RABASA ~ RÊNCAKA

R.

rabasa, di-: dirusak, dirêbut.

rabda, ng-: ndadi.

radite, raditya, radiktya: srêngenge.

radya: krajan, nagara.

radyan: radèn.

rajah-tamah: hawa napsu.

rajaniti: 1. pangadilan; 2. babagan pangrèh praja.

rajapadni: pramèswari.

raja siwi (-sunu): anaking ratu.

rajata: salaka.

rajatadi: raja-pèni.

rajwa, rajya: krajan.

raga: 1. badan wadhag; 2. sih, katrêsnan.

ragah: agahan, grangsangan.

raga-karana: nêngsêmake.

ragan-ragan: kèwès sarta kênès.

raga-wanda: sabuk.

raharja: rahayu.

rahasya, rahaswa: wadi.

rahuru: dahuru, gegeran.

raya: gêdhe.

rakatha: yuyu.

rakyan, rakyana: radèn (sêsêbutaning patih lsp.).

raksaka: pangrêksa.

raksasa: buta.

rakta, rêkta: abang.

ramya: 1. endah; 2. rame.

rana, raningga, rananggana: pêrang, paprangan.

ranu: tlagu, banyu.

ranuh, ng- i: sêdhîh.

rantan: udhar.

rantên: adhi.

rancaka: ng-: sêdhîh.

rancana, ng-: 1. nata, nganggit; 2. bêncana, -godha.

ranggah: branggah.

rangin: tamèng, dhadhap.

rapu, di(rê)-: dilipur, dililihake.

rapu, rapoh: kêsêl, sayah.

rara: prawan.

rarab: runtuh, tiba.

rarabi: udan sore.

raras: 1. laras; 2. di-: digagas-gagas.

raras rum: endah bangêt.

rarêm: sarèh, lilih.

raryan, rarywan: lèrèn.

rarya: lare (bocah).

rasana: ilat.

rasatala: (dhasaring) bumi.

rasêksa, rasêksi: buta lanang (wadon).

rasika: marêm, sênêng.

raswa: rasa.

rat: jagat.

rata: kreta.

ratangga: rodha, kreta.

rati, ratih: rêmbulan.

ratna: intên.

ratri: bêngi.

rawi, rawikara: srêngenge.

rèh: bab, prakara.

reka: tulisan, gambaran.

rena: biyung.

rèni: wadon.

repa: aksara cakra lan layar.

rèrèn: lèrèn.

rewanda: kêthèk.

rêbi, rêpit: winadi.

rêdite: 1. srêngenge; 2. Ngahad.

rêju: bênlér, adil.

rêgu: ménêng.

rêke: nuli, banjur.

rêkyana, -patih: panyêbut marang patih.

rêksaka: panjaga.

rêksi: rësi.

rêksiwara: rësi linuwih.

rêkta: abang.

rêmpu(h): rêmuk, ajur.

rêmpon ut. rérêmpon: pérang rêmuk-rinêmuk.

rênék: jêjembék, jurang.

rêncaka, ng-: susah, sêdhih.

## RÊNGU ~ SAKSANA

rêngu: nêpsu, sêrik.

rêpak, ng-: ngrupak, nêmpuh.

rêrêb: 1. lêrêb, lêrêm; 2. udan, grimis.

rêrêm: lêrêm.

rêrês: giris.

rêsi: pandhita, tapa.

rêsiwara: pandhita linuwih.

rêsmi: endah, ngrêspake.

rêspati: 1. pantês, bêcik;; 2. Kêmis.

rêtna: 1. intên; 2. putri.

rêtu: dahuru.

ri: 1. dina; 2. adi; 3. ing.

ribêng: judhêg.

rikanang: kang.

rikatang: kang.

rimang: sêdhih.

rimong: macan.

rini: wadon.

ripah: sarwa akèh.

ripu: mungsuh.

ripta, ng-: nulis, ngarang.

ririh: lirih, alon.

ririp, ora-: ora katon, ora kalong.

riris: grimis.

ris: alon, sareh.

risang: sang.

riwêng: judhêg.

riwut: prahara.

ru: 1. sêrik; 2. panah.

rubaya: robaya.

rudah: susah.

rudira: gêtih.

rudita: susah, sêdhîh.

rug: jugrug, lêbur.

rugrag: oyag, jugrug.

ruhara: orêg, susah.

ruhun: dhisik, biyèn.

ruhur: luhur, dhuwur.

rukma, rukmi: êmas.

ruksa: 1. rusak; 2. sêdhîh.

rukti, di-: dirumat, disêdhîyani.

rum: arum.

rumênga: krungu.

rumuhun: dhisik, biyèn.

rumpak, rumpêk, di-: dirusak.

runa: rusak, pakewuh.

runtik: sêrik, nêpsu.

runya, karunya: welas, asih.

rungsit: gawat, rumpil.

rupa-candra: candra sangkala.

rupini: endah.

rurah: rusak.

rurêh: rukêt (êrang).

ruru: 1. runtuh; 2. ng-: golèk.

rusit: gawat.

rucira: 1. sumorot; 2. endah.

ruweda, ruwida: rubeda.

ruwiya: crita, dongèng.

robaya: aku, -ku.

rodra: galak, nêpsu bangêt.

roga: lara.

rogadi: lélara.

rok: têmpuh arukêt.

roma: rambut.

rota: galak.

S.

sabda: swara, uni.

sad: nêm.

sadana: sarana, dhuwit, bandha.

sadarga: panyana, kira-kira.

sadarum: kabèh.

sadpada: tawon.

sajuga: siji.

sagnyan: wignyan.

sah: pisah, pêdhot.

saharsa: bungah.

sahasa: ambék wani.

sayaga: siyaga.

sayaka: panah.

sakalir: kabèh.

sakamantyan: bangêt.

saksana: enggal, tumuli.

## SAKSAT ~ SASADARA

saksat: kaya.

sala: 1. salah, kliru; 2. omah gêdhe.

salagewa: nglêgewa.

salah dalih: kliru tampa.

salawana: sulaya, padudon.

saliku: banyu.

salulut, (wor-): sih-sinihan.

saloka wêdhâr: undhi.

samadya: têngah-têngah, sêdhêngan.

samaja: gajah.

samakta: sumêkta.

samantara: tumuli.

samapta: wis rampung.

samara: pêrang, paprangan.

sambawa: 1. ora mokal; 2. (a-) mokal, nglêngkara.

sambega: 1. adrêng, kêpengin; 2. bagus, utama.

sambewara, sambiwara: dêdagangan, bêbakulan.

sambut, di-: dicêkêl, ditampa.

sambojana: ujar.

sambrama: ngacarani, ngaruh-aruh.

samepa, samipa: 1. cêdhak; 2. têpi, pinggir.

samékta: wis miranti.

samirana: angin.

samita: ngalamat, tandha.

samya: padha.

samudaya: sakabèhe, samubarang.

samudana: 1. ujar manis; 2. lêlamisan.

samodra: sagara.

sampeka: paeka, julig.

sana: papan, panggonan.

sandeha, sandeya: gojag-gajèg, sumêlang.

sande-kala: wayah surup.

sandi: wadi.

sandi-upaya: paeka, krenah.

sandi-sastra: tulisan wadi.

sandya, sandyakala, sandyawela: wayah surup.

sanega: siyaga.

saniskara: sakabèhe.

sanityasa: tansah, pijér.

sanubari: ati.

santa: sarèh, suci.

santi: 1. sarèh, téntrêm; 2. ut. (sêanti) pêpuji(-an).

santika: wasis ulah gégaman.

sancaya: kêklumpukan.

sangahulun: panjênêngan.

sanggah, di-: disêngguh, dikira.

sanggya: kabèh, sakabèhe.

sanggraha: 1. cawisan; 2. kêklumpukan.

sangiwèn: biyèn.

sangka: gong.

sangkala: petungan taun.

sangkêp: pêpak, miranti.

sangkin: saya.

sangku: bokor, tuwung.

sangsaya: rêmaka, sêdhih.

sapa: supata, sot.

sapala: sapele, rèmèh.

sapu-dhêndha: 1. gêbug; 2. siksa.

sapta: pitu.

sara: panah.

saraba: kidang.

saradula: macan.

sarag: 1. kêsusu; 2. sérêng, muring; tan a-: sarèh, sabar.

saraga: sêngsêm, kêsêngsêm.

sarasija: kembang tunjung.

sardula: macan.

sarjana: wong utama (pintêr).

sarga: bab.

sari: 1. asri, endah; 2. kêmbang.

sarira: awak.

sarya: sarwa, sarta.

sarkara: gula.

saru-siku: dêduka, bêbêndu.

saroja: 1. rangkêp; 2. kêmbang tunjung.

sarpa: ula.

sarsa, sarsana: bungah.

sarwi: sarta, karo.

sasadara, sasalancana, sasangka: rêmbulan.

## SASANA ~ SYUH

sasana: ênggon, palinggihan

sasi: rêmbulan.

sasmaya: bêcik, endah.

sasmita: ngalamat.

sasra: 1000.

sastra: 1. layang, kawruh; 2. tulisan.

sata: jago, 100.

satata, satiti: tansah, lêstari.

satmaka: 1. tunggal sukma; 2. urip, nyawa.

satmata, natmata: ndêlêng, ka-: katon.

satwa: kewan.

satya: sêtya, têmén.

sawastu: sanyatane.

sawatgata: sanalika, tumuli.

sawawa: timbang, tandhing.

sawega: sadhiya.

sawêgung: kabèh, sakabèhe.

sawung, s-in-awung: dikarang, dianggit, digubah.

sebak: anjrah.

sena: prajurit.

senapati: têtindhihing prajurit.

sesa: sisa, turahan.

seta: putih.

setu (-banda): bêndungan, krêtêg.

setra: têgal; pasetran: pambuwangan.

sewa, di-: diseba, diadhêp.

sewaka: juru lêladèn; di-: diadhêp.

sewa-sogata: pandhita.

sêkatha: kreta.

sêkêl: susah, sêdhîh.

sêkti: digdaya.

sêma: kuburan.

sêmadi: ngêningake cipta.

sêmara-bumi: sing mbau-rêksa.

sêmbawa: macan.

sêmbrama: mbagèkake.

sêmèdi: ngêningake cipta.

sênêن: 1. sorot; 2. endah.

sêntani: bantal.

sêntika: pintêr ulah gêgaman.

sêngara: 1. wêwêlak; 2. mokal, nglêngkara.

sênggani: barung ing swara (cahya lsp.).

sênggara, di-: diaruh-aruhi.

sêngkala: 1. petungan taun; 2. cilaka, kacilakan.

sêngkêl: sêdhîh, susah.

sêngsêm: sênêng.

sêpasthika: musthika.

sidi: sampurna.

sidikara, di-: didongani.

sidhêm prêmanêm: sêpi (nyênyêt).

sigit: bagus.

sigra: 1. rikat; 2. nuli.

sigrêng, sigrong: gêdhe ut. wingit.

siyaga: wis cêcawis.

sikara: tangan, bau.

siki: siji.

siku: (ut. sêsiku): dêduka, bêbêndu; kê-: kêna bêbêndu.

sila: 1. watu; 2. watak, kalakuan.

siladri: gunung (watu).

silakrama: tatakrama.

silih: 1. gênti-gêntèn; 2. (sêsilih): jênêng.

simpir: sèmpèr, sèngklèh.

sinang: sumunar.

sinangjana: waskitha, sidik.

sindur, sindura: abang ênom.

sindi, sindyan: sindhèn.

sindhung (-riwut): angin gêdhe.

sinewaka: lênggah diadhêp.

sinêmèni, udan-: udan angin.

sinwam: sinom.

singangsana, singasana: dhampar.

singgih: ngrênggêp pangkat.

sipi, tan-: bangêt.

sirêm: surêm.

sirung: pêtêng singub.

sisya: siswa, murid.

sita: adhêm, putih.

sitakara, sitangsu, sitarêsmi: rêmbulan.

situ: tlaga.

siwah: gèsèh, beda.

siwal: sêmpal.

siwi: anak, bocah; di-: diurmati; diadhêp.

syuh: lêbur, rusak.

## SMARA ~ SUWEDA

smara: sêngsêm, asih.

suba: endah, bêcik.

subagya: bêgja bangêt.

subakti, subaktya: sungkêm bangêt.

subasita: tatakrama.

sudama: 1. lintang; 2. mèndhung, sagara.

sudana: loma, sugih bangêt.

sudara: sêdulur.

sudarawèdi: mitra bêcik.

sudarma: 1. bêcik atine; 2. bapa.

sudarsana: tuladha.

sudibya: 1. luhur (sakti) bangêt; 2. pinunjul.

sudira: kêndêl.

sudra: wong asor.

sujalma, sujanma: manungsa.

sujana: (wong) pintêr.

sugata: pisuguh.

sugya, sugyan: trêkadhang, sok.

sugun-sugun: gupuh-gupuh.

suh: lêbur, rusak.

sukara: cèlèng.

sukarsa: bungah, sénêng.

sukarta, di-: 1. disaruwe; 2. disungga-sungga.

suka-wibawa: bungah-bungah.

sukêrta: mriks. sukarta.

sukma: alus, lêmbut.

sukmana: sukma.

sukra: Jumuwah.

sukrêta: mriks. sukarta.

suksma: sukma.

sukci: suci.

sula, sulah: lêlandhêp, tumbak.

sulaksana: ngalamat bêcik.

sulistya: endah.

suma: kembang.

sumantali: srati, kusir.

sumar: wrata ngèbêki.

sumarma: mulane.

sumarsana: kembang cêpaka.

sumawana: apa-dene, tur.

sumbaga: sêmbaga.

sumbung: kawêntar, misuwur.

sumepa: mèmpêr.

sumewa: seba, ngadhêp.

sumêndhe, sumêndhi: kakang wragil.

sumêr: ngambar.

sumitra: 1. mitra, kanca; 2. macan.

sumiwi: seba, ngadhêp.

sumrah: pasrah.

sumrik: mambu wangi.

sun: aku, dak-.

sunar: sorot.

sunu: 1. sorot, cahya; 2. anak.

sunia, sunya: sêpi, suwung.

sung: awèh.

sungkawa: susah.

sunyaruri: alam kaalusân.

supadi, supadya: supaya.

supatni: garwaning ratu.

supênuh: kêbak bangêt.

supraba: sumorot, padhang.

supranata: sungkêm.

sura: 1. kêndêl, wani; 2. dewa; 3. (asura): buta.

suraga: bantal.

suragana: para dewa.

suralaya, suraloka: kadewan.

suranata: ratuning dewa.

suranggakara: kêndêl bangêt.

suranggana: widadari.

surapada: kadewan.

surapati: ratuning dewa.

surapsara: dewa.

surapsari, surastri, surawadu: widadari.

surêtna: putri endah.

surya: 1. srêngenge; 2. rai.

susêtya: sêtya tuhu.

susila: bêcik kôlakuane.

susra, ka-: misuwur.

suta: anak.

sutapa: pandhita.

sutikna, sutiksna: landhêp bangêt.

suwala: ora manut, bangga, kêrêngan.

suwalapatra: layang.

suwanda: awak.

suwandagni: srêngenge.

suwarna: 1. êmas; 2. endah bangêt.

suweda: driji.

## SUWIGNYA ~ TAR

suwignya: pintêr bangêt.

suwita: ngèngèr, ngabdi.

soma: 1. rêmbulan; 2. Sênèn.

sona: asu.

song: aub, payung.

sonya: suwung, sêpi.

sopana: undhak-undhakan, dalan.

sor: ngisor, asor.

sori: pramèsvari.

sota: rasaning ati.

sotah: sudi.

sotya: intên.

soca: intên, mata.

sraba: swara.

srabedan: pêpenginan ala.

srah: pasrah.

sraya: bantu.

srama: patapan.

srang: nêmpuh, nrajang.

srawana: mangsa kasa.

srêda: 1. ngandêl; 2. sudi.

srênggala: asu.

srênggara, di-: dingungrum, dirêrêmih.

srênggi: 1. gunung; 2. sapi.

sri: 1. sorot; 2. endah bangêt.

sradanta; sridênta: srigadging.

srimaya: endah bangêt.

srinata: ratu, têmbang sinom.

sru: sêru.

swabawa: swara.

swagata: sogata, sugata.

swandana: têtunggangan, kreta.

swanita: gêtih.

swargaloka: kadewan.

swasana: hawa.

sweda: driji.

sweta: patih.

swuh: rusak.

T.

tabêh: tabuh.

tajin: cêcêgah, ngêngurangi.

tadhah, di-: dipangan.

tadhaharsa, tadhahsих: kêdhasih.

tahêñ: 1. wit kayu; tahan.

taya: jogèd.

takut: wêdi, jirih.

taksaka: ula.

takwan: takon.

talakas: rosa.

talika: têlik.

talinga: kuping.

tamah: hawa nêpsu.

taman, tamar: ora.

tamara: gamêlan.

tamasa: pêpêtêng.

tamêh: tambah, wuwuh.

tambing: têmbing.

tambung: samar, samun.

tamyang: tamèng.

tampo: arak.

tamtama: prajurit pilihan.

tan: ora.

tanaya: anak.

tanana: ora ana.

tanapi: 1. lan (utawa) uga; 2. ananging.

tanbuh: ora wêruh.

tandra, tandyā: tumuli, nuli.

tandha: pangarêping prajurit, juru pajêg.

tanu: 1. awak; 2. alus.

tantara: ora antara suwe.

tantas: ora têrang.

tantra, (bala-): wadyabala.

tantya: bangêt.

tanggah, di-i: dialang-alangi.

tangwa: kukuh, tanggon.

tanghulun: aku.

tangke: pang, gantilan.

tangkil, nangkil: sowan, seba.

tangsu: rêmbulan.

tanya: takon.

tar: ora.

TARA ~ TITA

tara: 1. rêsik; 2. pêpadhang; 3. lintang.

taragnyana: têluh panênungan.

taraksa:asu ajag.

tarambuja: sêmangka.

taranjana: têluh panênungan.

tarantara: ora antara.

taranggana: lintang.

tarlèn: ora liya.

taru: wit, wit-witan.

tarulata: gêgodhongan.

tarum: tom.

taruna, taruni: enom, nonoman.

tarpa: tanpa.

tarpana: sêsaji.

tarwa: wit, wit-witan.

tarwela: wela-wela, cêtha.

tasik: sêgara.

taskara: maling, begal.

tata (ut. tatagata): angin.

tatkala: nalika.

tatur, mas-: mas murni.

tatwa: 1. kaanan sanyata, dat; 2. crita.

tata:<sup>[6]</sup> têpi, bambing, watês.

tataka:<sup>[7]</sup> tlaga.

tawang: awang-awang, langit; katone.

tawang-tuwang (towang): awang-uwung.

tawêng, di- (i): ditutupi.

tawung: tawêng, tawing.

tawur: bêbantên.

tèki, têtèki: tapa.

tèngsu: rêmbulan, sasi.

tèngsun, (katèngsun): kandhaku.

têgêp: cukat, kêndêl.

têgês, di-: dipêdhot, diiris.

têglan: têguh, têgên.

têhêr: banjur.

têkyan: têkan.

têkung, nêkung: muja sêmadi.

têksaka: ula.

têkwan: sarta, malah.

têlik-sandi (-upaya): têlik.

têluh tragnyana: têluh, tênung.

têmah, ma- an: malih.

têmbang, di-: ditabuh, digêbug.

tembung: gitik, gêbug.

ténaya: anak.

ténang, ténêng, antêng: sarèh.

têndhas: êndhas.

tênggak, nênggak waspa: ngêmpêt êluh.

tênggék: gulu.

tépêt-loka (-suci): ngakerat.

tépi: pinggir.

tépi-sliring, tépis-iring, (-wiring): tapêl watês.

têrbis: (jurang) angèl ambah-ambahane.

têrjung: ndêdêr sarta jêro.

têrêh: 1. trah, turun; 2. udan..

têrna, têrni: sêmèn, thukulan.

têruh: 1. udan, grimis; 2. orêg, gègèr.

têrwaca, têrwela: cêtha, têrang.

têrwilun: bodho, bonto.

tibra: susah, prihatin.

tidha-tidha: samar.

tidhêm: surêm, sirêp.

tigas kawuryan: anyar katon.

tiharda: bangêt.

tiyasa: kuwasa, linuwih.

tikbra: susah.

tiksa, tiksna, tikswa: landhêp.

tikta: pait.

tila: wijèn, lènga.

tilam rum, tilam sari: paturon.

timbun: tumpuk.

timpang, timpung: pincang.

tinda: cacad, piala.

tipu: apus, cidra; di-: diapusi.

tira, tirah: pinggir.

tirêp: surêm.

tiris: krambil.

tirta: banyu, padusan.

tirtamarta: banyu panguripan.

tis, ma-: adhêm, anyêp.

tisaya: bangêt.

tistis: 1. adhêm; 2. sêpi, sirêp; 3. sêdhih, wêdi.

tita: wis kêpungkur.

## TITIH ~ CAKSUSRAWA

titih: tumpang, unggul, ménang.

titip: pipit, jéjél.

titir: tansah.

tiwikrama: népsu, ngêtog kamêmpêngan.

tlêtêh: rôgêd, jênês.

tuban: banyu grojogan

tuha: tuwa.

tuhu: nyata, têmén, sêtya.

tukêl, di-: dirangkêp, ditêkuk.

tukung, di-: diburu.

tula: traju, timbangan.

tulya: kaya.

tulyasri: bêcik bangêt.

tumêmbirang: mêmpong.

tumênggung: pangarêping prajurit.

tumuntur: tut-buri.

tumpak: Saptu.

tumpur (ut. lêbur-): tumpê rusak.

tumrah: tumurun-turun.

tunu, di-: diobong.

tungan: pucuk, puncak.

tunggara: kidul wetan.

tunggir: gigiring gunung.

tungku, di-: dipêlêng, dièsthi.

tupiksa, di-, ditupiksani: dipriksa, diwaca.

tura: asih, kasêngsêm.

turangga: jaran.

turas: turun.

turida: susah, sêngsêm.

tusara: bun.

tuskara: tawon.

tustha, tusthi: sênêng.

tutur, tumutur tuwanggana: miturut, tut-buri.

tuwagana: pinituwa.

tuwêk-raga: suduk salira.

tuwilun: bodho.

togari: wêngi.

toyadi: sêgara.

tok: tuwak, sajêng.

tomara: tumbak, kenthès.

tondhe, tanpa-: tanpa timbang; di-: ditimbang, ditanding.

tonggari: wêngi.

trah: turun.

traya: têlu.

tranggana: lintang.

trapti: marêm, sênêng.

trasa: giris, wêdi.

trêjung: jêro sarta julêg.

trêh: turun.

trêna: sukêt.

trênggana: lintang.

trépta, trépti: marêm, sênêng.

tri: têlu.

tribaga: sapratêlon.

tribawana, tribuwana: jagad têtêlu.

trijilan, suluhan (mata).

triganca: rikat, bantêr.

triguna: wêwatakan têlu.

trikaya: kêkuwatan têtêlu (badan, gunêm, pamikir).

triloka, trilokaya, trilokya: jagad têtêlu.

trimurti: têlu-têluning ngatunggal.

trinjilan: suluhan (mata).

trini: têlu.

trisula: tumbak landhêpe têlu.

trwikrama: 1. njangkah ping têlu; 2. matak aji.

truh: grimis.

truna, truni: ênom, jaka, prawan.

truntum: trubus, thukul.

triwilun: bodho.

truwu: rusuh, gorèh.

tyas: ati.

caya-murcaya, dadya-: minangka tandhaning panuwun.

cakarwa: mliwis.

cakra: bundêran, rodha, gêgaman pating cringih.

cakrabawa, di-: dikira, didakwa.

cakrawala: tancêbing langit.

cakrawarti: kang ngubêngake jagat. nyakrawati: ngérèh jagad, ngratoni.

caksana: awas, waspada.

caksu, (caksuh): mata.

caksusrawa: ula.

CALA ~ TIKA<sup>[8]</sup>

cala: 1. gunung; 2. obah, owah.

calabeka: malih ala.

cala-wanthah: murang tata.

calita: obah, gonjing.

camana: kêmu lan raup.

camu, sa-: 10.000 yuta.

campur: rēgēd.

camra: asu.

canda: tēmbang, kidung.

candaka: kongkonan.

candana: cêndhana.

candra, candrama: rēmbulan, sasi.

candrasa: pêdhang.

candha: muring.

candha-birawa: muring, mêmédèni.

candhala: wong nistha.

candhalagati: kalakuan ala.

cancala: 1. obah, gonjing; 2. kilat, thathit.

canthuka, canthoka: kodhok.

cangkrama: ngenggar-enggar ati.

capa: gandhewa.

capala: 1. rongèh, sigrak; 2. nêpsu.

caraka: kongkonan.

carana: 1. laku, sikil; 2. rérènggan.

caracah: buyar.

carêm: wis atut.

caritara, caritra: carita.

carya, kacaryan: gumun, bungah.

carma: walulang.

carmin: pangilon.

caru: sajèn.

catur: papat.

catra: payung, pangayoman.

cacala: utusan.

cawêngah: rikuh.

cèkèl: baturing pandhita.

celung: cupu.

cèthi: batur wadon.

cêla: cacad.

cêmuru: kidang.

cêndhala: candhala.

cêndhani-raras: paturon.

cênthula: kurang-ajar.

cêpuri: 1. pagêr bata; 2. wadah kinang.

cêrma: wlulang.

cêrmin: pangilon.

cêcaya: ora murni.

cidra: ora sêtya.

cihna: ciri, bukti.

cinta, cininta: diangên-angên, ditrêsnani.

cintraka: sêdhih, susah.

cintya: ayu, endah.

cipta-ripta: cipta.

cirit: tai, têlèk.

citra: 1. tulisan, gambaran; 2. wangun; di-: ditulis, dikarang.

citrakara: juru sungging.

citrareka: gambaran.

cundaka: kongkonan, têlik.

cukat, di-: dicuthik.

cukil: turune wong sing cakal bakal.

cukit-dulit: wong asor.

cumanthaka: kumêndêl.

cumbana: ulah rêsni.

cumbu: lucu, lêlucon.

cundha: pucuk, nyamat, kucir.

cundhamani(k): ar. panah gêni.

cundhang, kê-: kalah.

curi: maling; di-: dicolong.

curiga: kérís.

curing: padhas atos.

curna, curnita: rêmuk, ajur, rusak.

curuh: mancur, mili.

cuta: asor, nistha.

cuwêngah: 1. gêla, ewa; 2. rikuh, wêgah.

codaka: kongkonan, têlik.

condre: cundrik.

cora: maling.

cora-pracore: wong nistha (ala).

core: wong nistha.

crabak, pa- an: langgar<sup>[9]</sup> pamulangan.

crêma: wlulang.

thika: tulisan, layang.

## WADAKA ~ WARSA

### W

wadaka, ka-: 1. kêna ing alangan (rêridhu); 2. konangan.

wadana: cangkêm, rai, pangarêp.

waditra: gamêlan.

wadu: 1. wadon; 2. bala.

wadu aji: abdining ratu.

wado, wadwa: bala.

wadya (-bala): prajurit.

wajra: 1. intên; 2. blêdhèg.

wagugên: kewuhan, susah.

wagra: macan.

wahana: 1. tunggangan; 2. maknaning impèn lsp.

wahini: putri.

wahita: apus.

wahya: wêtu, wêdhara.

wahyadyatmika: lair-batin, agal-alus.

wahyaka: lair, ing jabane.

wai: banyu.

waila: wong wadon.

waita: apus.

wayang-wuyungan: bingung.

wayungyang: bêlang (plonthang).

wayungyang, di-: ditlikung, diérut.

wakya: gunêm, têmbung.

waksuda: bumi.

wakta: gunêm, têmbung.

waktra: cangkêm, rai, pangarêp.

walaya: gêlang, kêlatbau.

walaka: 1. bocah; 2. blaka.

walang-kayun (-kapti, -karêp, -kajêng, -tyas): walang-atî.

walang-sangkêr: pakewuh.

walang-walang: mêlang-mêlang.

walepa: kurang-ajar.

walgita: layang, tulisan.

walija, wlija: bakul.

walyan: dhukun.

waluya: 1. bali; 2. pulih, mari.

wanadri: alas lan gunung.

wanantara: alas gêdhe.

wanara: kêthèk.

wanari: kêthèk wadon.

wanawasa: 1. dêdunung ing alas; 2. alas gêdhe.

wanda: 1. awak; 2. dhapur.

wandu-wandawa (-warga): sanak sadulur.

wanèh: seje, liya.

wanita: (wong) wadon.

wanu, wano: desa.

wanudya, wanodya: (wong) wadon.

wantèhan, wanteyan: têrang.

wantu, ~ - ~: kérêp, ambal-ambalan.

wancak: walang.

wancak-driya (-galih): walang-ati (sumêlang).

wancana: bêncana.

wangkawa: teja, kluwung.

wanguntur: palênggahaning ratu.

wangsa: sanak-sadulur.

wangwang: 1. awang-awangên; 2. banjur; 3. nyawang.

waudadi, waodadi: sagara.

wara: 1. linuwih, endah bangêt, putri; 2. pêpanthan, cacah.

warabrata: bantêr tapane.

warada: sih.

warajana: wong linuwih.

waragang: arak, tuwak.

waraha, warahika: cèlèng.

warayang: panah.

warana: kêlir.

waranggana: widadari.

warapsara, warapsari: dewa (widadari) linuwih.

warastra: gêgaman, panah.

wardaya: ati.

wardi: tégês.

wari, warih: banyu.

wariga: kidang.

warsa: 1. taun; 2. udan.

## WARSAYA ~ WIYANA

warsaya, warsaka: taun.

warsiki: kembang gambir.

warsita: piwulang, pitutur.

wasesa: panguwasa; di-: 1. dikuwasani; 2. dipilara.

wasi: pandhita tapa.

wasita: pitutur, wewarah, kandha.

waskitha: awas.

wasundari: bumi.

waspa: luh.

waspada: awas.

wastu: nyata.

wastra: sandhangan, jarit.

wata: angin.

watgata: tatu; ka-: kétaton.

wacaka: têrang, cêtha.

wacana: gunêm(an), témbung.

wawa, di-: digawa.

we: 1. banyu; 2. srêngenge.

wèdi: nyata, téménan.

wedyarini: dhukun bayi.

wega: rikat, kêsusu.

wela: 1. taman; 2. mangsa.

wèni: rambut, gêlungan.

werage, weragnya: susah, sêdhih.

wèri: mungsuh.

wèsma: omah.

wèsthi: bêbaya, alangan.

wêdari: taman, patamanan.

wedya: wêdi.

wêdhar: wêtu.

wêdhihan: sandhangan.

wêg, wêk: cèlèng.

wêgung, sa-: kabèh, sakèhe.

wênang: bisa, kêconggah.

wêndera, wêndira: wit wringin.

wênês: 1. rêsik sumringah (warna); 2. pucêt.

wêrda, wêrdha: tuwa.

wêrdaya: ati.

wêrdi: 1. têgês, makna; 2. ndadi, bêbranahan.

wêrdu: ulêr.

wêrdu-angga: lintah.

wêrjit: cacing.

wêrhaspati: Kêmis.

wêrcita: cacing.

wêsiyasat: siksa.

wibawa: luhur, mulya.

wibi: biyung.

wibuh: rosa, sêntosa.

wida: borèh, wêwangi.

widada, widadi, widadya: slamêt, lêstari.

widagda, widagdya: pintêr.

widayaka: 1. wong pintêr; 2. ratu.

widasri: borèh wangî.

widigda, widigdya: pintêr.

widita: misuwur.

widu: pasindhèn.

widura: pintêr.

widya, wida:<sup>[10]</sup>

widyadara, widyadari: widadara, widadari.

widyastuti: pangabêkti, pêpuji.

widyuta, widyutmala: kilat, blêdhèg.

wija: 1. wiji; 2. anak.

wijah, ~~~: 1. pilah-pilah; 2. bungah-bungah.

wijaya: 1. ménang; 2. sêkti.

wijayanti: ménang.

wijana: 1. darah luhur; 2. sanggar pamujan.

wijil: 1. turun; 2. regol, gapura, lawang; 3. wêtu.

wijowan palowanu: dhampar.

widhata: kucing.

wigêna, wigna: 1. alangan, 2. susah, sêdhih.

wignya: pintêr, wasis.

wignyana: kapintêran.

wiguna: 1. nistha, bodho; 2. pintêr, wasis.

wigraha: pasulayan; di-: disiksa.

wihang: mopo, lênggana.

wihara: patapan, pasraman.

wihikan: wêruh.

wiyadi: susah, prihatin.

wiyagra: macan.

wiyana: panggah.

## WIYANG ~ WIYANJANA

wiyang: mopo, lênggana.

wiyangga: kodhok.

wiyara: patapan, pasraman.

wiyat: awang-awang, langit.

wiyata: piwulang.

wiyati: awang-awang, langit.

wiyoga: sêdhih.

wikan: wêruh.

wikara: 1. owah; 2. lara; 3. népsu.

wiku: pandhita tapa.

wikrama: 1. jangkah; 2. kékêndêlan.

wil: buta.

wila: 1. maja; 2. bolongan, lèng, guwa.

wilangun, wilangon: kêsêngsêm.

wilapa: 1. pasambat; 2. layang, kêkidungan.

wilapa: 1. sênêng-sênêng, dolanan; 2. (sih-): sih kawêlasan.

wilis: ijo.

wilisan: tandhu.

wiluma, wiloma: kliru, jugar.

wilwa: maja.

wimala: rêsik, suci.

wimana: kreta, tunggangan.

wimba: 1. wêtu; 2. pêpêthan, rêca, èmpêr.

wimbasara: kongkonan.

wimbuh: 1. wuwuh, imbuh; 2. kuwur, pêtêng atine.

wimoha, wimohita: bingung, kuwur.

windasa: rusak, lêbur.

windu: titik, cêcêk.

winong: diêmong, dijangkung.

winot: diémot.

wintang: lintang.

wingga, ma ~~~: abang mèngangah.

wingwrin: miris, wêdi.

wipala: tanpa guna, rèmèh.

wipati: cilaka.

wipula: akèh bangêt, amba, jêmbar.

wipra: pandhita.

wira: 1. wong lanang, prajurit; 2. kêndêl.

wirage, wiragya: sêdhîh, kêsêngsêm.

wiraha: pisah, pêgat.

wirandhungan: 1. alon; mandhêg-tumolèh.

wirangi: wêdi marang Allah lan manut pêrintahe.

wirangrong: sêdhîh, kêsêngsêm.

wirya: 1. kêndêl, kuwasa; 2. mulya, luhur.

wiryawan: kêndêl, kuwasa.

wiruda: 1. congkrah; 2. nêpsu bangêt; miruda: minggat.

wirun: panêngah.

wiroda, wirodra: nêpsu.

wirong, mirong: susah.

wirota: nêpsu, siya.

wirotama: kêndêl bangêt.

wisada: tamba, jamu.

wisaya: piranti, pancadriya.

wisala: jêmbar, amba.

wisarga: 1. lèrèn, mandhêg, pungkasan; 2. sandhangan vignyan.

wisata: 1. lunga, lêlungan; 2. têentrêm, mantêp.

wisya, wiswa: wisa.

wisma: omah.

wismaya: gumun, ngungun.

wisudha: rêsik, murni; di-: diunggahake.

wisuna: para wadulan.

wistara: andharan, crita.

witana: bale.

witaradya: 1. alihan nagara; kang pinunjul (linuwih).

witaraga: rêsik, suci.

wicitra: endah bangêt.

wiwaha: dhaup; di-: didhaupake.

wiwaksa, wiwaksita: gunêm, ujar.

wiwara: bolongan, lawang.

wya: aja.

wyadi: wiyadi.

wyagra: macan.

wyakarana: paramasastra.

wyakta, wyakti: nyata, yêkti.

wyanjana: dudu aksara swara.



## WYANGGA ~ WRIN

wyangga: kodhok.

wlungsung, di-: diwènèhi panganggo anyar.

wuduk: gajih.

wujang: jaka.

wujil: cebol, bajang.

wuhaya: baya.

wuyung: 1. muring, nêpsu; 2. sêdhîh, kêsêngsêm.

wukir: gunung.

wulakan: pancuran, grojogan.

wulangun: kêsêngsêm, sêdhîh, kangên.

wulat, mulat: ndêlêng, nyawang.

wulinga: berag.

wulusan: ilèn-ilèn, banyu.

wuntat: buri, wuri.

wunwunan: 1. êmbun-êmbunan; 2. pucuk.

wunglon: rambutan.

wungsu: wuragil.

wurandhungan: mriks. wirandhungan.

wurdha, wurda: satus èwu yuta.

wuri: buri.

wursita, wurcita: gunêm, crita.

wuwus: clathu, ujar.

wod: oyod.

wonga-wonga: sêla-sêlaning susu.

wotsari, wotsantun, wotsêkar, wotsinom: nyêmbah.

wra: wrata, sumêbar, anjrah.

wraha: cèlèng.

wrayang: panah.

wran: wong.

wrat: abot, bobot.

wratsangka, wratsari: kêmbang cêpaka.

wre: kêthèk.

wrêda, wrêdha: tuwa.

wrêdaya: ati.

wrêdi: tulus, ndadi.

wrêjit: cacing.

wrêdu: alus, lêmês.

wrêhaspati: dina Kêmis.

wrêksa: kayu, wit.

wrêsaba: sapi.

wrêsnî: ipe, pripean.

wrêsthi: udan.

wrêsthipata: udan dêrês.

wrêta: 1. warta; 2. têmbang, kidung.

wrêjita: cacing.

wri, wrin: wêdi, miris.

wrin: wêruh.

1. akèh. ([kembali](#))
2. manikêm. ([kembali](#))
3. mbadal. ([kembali](#))
4. narèndramahisi. ([kembali](#))
5. Tidak usah dibaca. ([kembali](#))
6. tatha. ([kembali](#))
7. tathaka. ([kembali](#))
8. THIKA. ([kembali](#))
9. sanggar. ([kembali](#))
10. kawruh, kawicaksanan. ([kembali](#))

Copyright © 2011-12 Yayasan Sastra Lestari. All Rights Reserved.

[http://www.sastr.org/katalog/judul?ti\\_id=1856](http://www.sastr.org/katalog/judul?ti_id=1856)

---